ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№84 (23.242) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 5, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нэхъ езэгърабгъур къыхах

● Пресс-конференцхэр

Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Налшык Мэлбахьуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым телъ автомобиль лъэныкъым и щытыкІэр мэлыжьыхьым и 23-м къыпщытащ. Абы щыгъуэ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм я пщэ ирилъхьащ, зи пІалъэр икІа уху эныгъэм и Іуэхур куууэ яджу, ещІапхъэу къалъытэр ягъэбелджылыну.

АРАЩ зытеухуааэ щытар Налшык къалэ администрацэм мэлыжьыхьым и 26-м щекІуэкІа пресс-конференцыр. КъБР-м транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и тхьэмадэ **Къудей Арсен**, республикэм Гъэзу хозяйствэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Къунижь Вячеслав**, щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъей Арсен** сымэ лъэныжым и щытыкІэр зэпкърахащ, журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

Алэкъей Арсен кьызэригъэлъэгъуамкІэ, лъэныжым техникэ тхылъ иІэтэхьым, Іуэхущ1апІэ гуэрми егъэбыдыл1атэхьым. 2014 гъэ пщІондэ ар зыми Іэщ1елъакъым. Иджы и техпаспортыр ягъэхьэзырри, къалэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къудамэм Іэщ1алъхьащ.

- Республикэм и Гъащхьэм 2014 гъэ лъандэрэ лъэныжым и Іуэху зэрехуэ. Абы и чэнджащкІэ, Волгоград щыщ экспертхэм ухуэныгъэр кьедгъэпщытати, и щытыкІэм арэзы техьуакъым. Кьызыхуэтыншэу зэрызэздгъэпэщыжыну, мыльку я зэманым дгъуэтакъым. Нэхъ махэ хьуа щІагъщІэт пкъохэм ящыщ зыр мы гъэм здгъэпэщыжыну тедухуат, ауэ, дяпэкІэ къзбгъэсэбэпыну зэрыздзыхьщІыгъуэджэм кьыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщым нэгъуэщІ хэкІыпІэхэр кьыхилъхьащ. Абы ипкъ иткІэ, лъэныкъуэ псори зэпэтпытыну, нэхъ езэгърабгъуу къэтпытэтэр накъыгъэм и 10 пщІондэ дгъэбелджылын хуейщ. Ахэр Іуэхугъуищ мэхъу. Апхуэдэщ лъэныжьыщІэ ухуэныр е зэгъэпэщыжыныр; лъэныжьымрэ гъущІ гъуэгу къудамэмрэ зэпкърахьжу гъуэгущІэ телъхьэныр; транспортыр зэбгъэзэшІэкІыну Іэмэпсымэ хэхахэр ягъэуву, гъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэр зэрыщытам хуэдэу къэгъэнэжьныр. Лъэмыжри, гъущІ гъуэгу къудамэри Іухьпхъэу къыдольытэ. Сыту жыпІэмэ, Кировым, Чернышевскэм, Калюжнэм, КІыщокъуэм, Толстоим, Головком я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм абы транспортыр щы1эгриГъэкІынут,- къигъэпэгуащ къала администрацэм и Іэтащхьэм.

Кьудей Арсен зэрыжиІамкІэ, гъущІ гъуэгу кьудамэр Іуамыхьу хъунукъым. Ар зейм епсолъащ, къэнэжар Ростоврэ Мэзкуурэ щы1эхуагъэкІуэн хуейуэ аращ. Мы зэманым а кьудамэр щхьэзакъуэрылажьэ хьэрычэтыщІэ зыбжанэм кьагъэсэбэп. Абыхэми епсолъащ, щІыхухэм я шынагъэшэгъэр зэрыпнэхьапэр гурагъэІуащ.

- Мыр хэмыту нэгъуэщІ лъэныжьибл Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщагъэсэбэп. Щыр - Бахьсэн, Прохладнэ, Тэрч щІыналъэхэм, плІыр Май районым хуозэ. Налшык щыІэр муниципальнэ мылькущ, адрейхэр республикэм ейщ. Лъэмыж псоми я щытыкІэр ятэтпщытати, дзыхьщІыгъуэджэр Мэлбахьуэм и уэрамым телъым и закъуэщ. Нобэрей зэманым кьезэгъыжыркъым, иІыгъ хьэлъагъым хуэщІакъым, бгъуэзщ, дертшхуэу 75-рэ иІэщ, 15-м шынагъэ пылъщ. Нэхъ езэгърабгъуу кьэтлъытэ Іэхуэгугъуэхэм накъыгъэм и 10 пщІондэ хэкъуэзауэ делэжьынущ, абыхэм ящыщу арэзы зытехьэуэм, нэхъ яфІэжьабылым дыкъытеуВыІэнщу, - кьыхигъэщащ Къунижь Вячеслав.

Журналистхэм я упщІэхэм я жэуапу, зэІущІэм хэтхэм къагъэлъэгъуащ лъэныж щІагъымрэ абы и Іэшэлъашэмрэ хьэрычэтыщІэхэм щхьэзыфІэфІу зэрарубыдар, уху эныгъэхэр хуимыту зэрыщагъэкІуэкІар. Нэгъабэ гаражитху Іурагъэхьыжащ, дагъэ гъэсыныпхъэхэр, лэчхэр, кьуэнкІэ щынагъуэ зыпылъ нэгъуэщІ вещественнохэр щыІэрахьэ хьумапІэхэр мы махуэ гъунэгъухэм зэхуащІынущ. Лъэмыжыр зэпкърахьмэ, абы кьедза щІыпІэхэр зэІуэпэщ ящІынущ, Іэгъуэблагъэр зыгъэдэхэну иджырей псэуалъэхэр щаухуэнущ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и Парламентым

Зэуіуу зэрызэдэлажьэм и фІыгъэкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и зи чэзу зэІущІэм 2015 гъэм КъБР-м и Правительствэм и лэжьыгъэм кьрикІуахэм теухуа отчётым щедэІуащ. Республикэм и социально-экономикэ зыужьыкІэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэпкърихыу абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий.

И ПСАЛЪЭМ и пэублэу, Премьер-министрым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым фІыщІэ хуищІащ республикэм и Правительствэм мыхьэнэ хэха зиІэ и жэрдэмхэр кьаззэрыдищтэм, хабзэхэр гъэззэщІэнымкІэ къаззэрыдэІэпыкъым, я щыщІэныгъэхэм гу зэрыпГарагъэтэжьми папщІэ.

КьызэригъэльэгъуамкІэ, нэгъабэ я лэжьыгъэр трауХуащ КъБР-м и Іэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам, 2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэм, экономикэмрэ псэукІэмрэ зэпІэзэрыту заужьынымкІэ япэ игъэщ1ыпхъэ Іуэхугъуэхэм я планым щІыубзыхуа къалэн нэхъыщхьэхэр гъэззэщІэным. Ал хуэдэщ экономикэм и Іэнатіэхэм зэпІэпыхьэу зэгъэужьыныр, социальнэ зэпІэзэрытыныгъэр хьумэныр, инвестицэ нэхъыбэ кьыхэгъэлъхьэныр, къэрал Іуэху зехьэкІэр егъэфІэкІуэныр. УФ-м и Президентым и накъыгъэ указэр гъэззэщІэнми гулъытэшхуэ хуащІащ.

- Макроэкономикэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм зэпІэзэрыту зэрызаужьыр, зэрауфэзыхуам хуэдэу, бюджет Іэнатіэхэм улахуэм зэрыщыкъэгъуэр, гъащІэ зэпыншэ зэтеухуэным дызэрегугъур, демографие политикэр пхыгъэкІыным, лъэпкъ зэхущытыкІэмрэ зэрыльэтэныгъэмрэ гъэбыдэным, егъэджэныгъэмрэ кьэрал Іуэху зехьэкІэмрэ егъэфІэкІуэным щыдиІэ екъулІэныгъэхэр ди лэжьыгъэр фейдэ пылъу зэрыдунэтІым и щыхьэтщ, - кьыхигъэщащ Мусуков Алий.

Зыужьыныгъэр зыхуэдэр

Доклад зыщІам кьигъэлъэгъуащ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра законопроектхэм ящыщу 24-рэ республикэм и Парламентым кьызэрищтар.

Мусуков Алий кьытеуВыІащ КъБР-м и Правительствэмрэ хабзэзубзыхУ Іэнатіэмрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, республикэм нэхъыщхьэу зригъэзэхуліахэм. ЩІыналъэ валовэ продуктыр сом меларди 132-рэ (2014 гъэм елъытауэ проценти 103,3-кІэ нэхъыбэщ), промышленностым кьыщІигъэкІым и индексыр проценти 105-рэ мэхъу. Іэнатіэхэм я Іэдакъэщ1эжьыу щэхуакІуэхэм хурагъэшащ, лэжьыгъэрэ Іуэхутхьэбзэу зэфІагъэкІащ сом мелард 43,6-рэ и уасэ. МэкъумэщхэкІыу сом мелард 38,7-рэ и уасэ кьалэжьащ (2014 гъэм елъытауэ проценти 104,4-рэ мэхъу), ухуэныгъэу сом мелард 11,9-рэ и уасэ ирагъэкІуэкІащ (проценти 108,2-рэ), мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу сом мелард 31,3-рэ хуэзщІагъэуІуащ (проценти 121,5-рэ). Розницэ сатум сом меларди 113,5-рэ щІызэрагъэкІуэкІащ (процент 95,5-рэ), сом мелард 26,2-м пэкІуэ Іуэхутхьэбзэ щІыхухэм пщІэкІэ хуащІащ (проценти 100,5-рэ). 2015 гъэм мазэ улахуэр ику иту сом мин 20-рэ 562-м нэсащ. Ар ипэ ита илъэсым зэрыхьуам щІегъу.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● Махуэшхуэ

Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэкІэ гъэнщІат

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр щагъэлъапІащ республикэм и щыхьэрым. Абы хэтащ щІыхь минхэр. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и цІэр зезыхьэ утым деж пщэдджыжьым къекІуэлІат махуэ щІэращІэм зэхуишэсахэр - къэрал къулыкъущІэхэр, интеллигенцэр, парт. жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, ветеранхэр, студентхэр, псори зыфІэгъэщІэгъуэн сабийхэр.

ГУФІЭГЪУЭМ кьрихьэлІа псоми я гурыгъу-гурыщІэр кьэзыІуатэ, кьэкІуэнум фІыкІэ зэрыщыгугъыр кьызытещ плакатхэр яІыгът, лъэпкъ фащэхэмкІэ хэупа щІалэгъуалэм я кьэфэкІэм гукъыдэжыр нэхъри кьиІэтырт. Кьызэхуэсахэр Лениным и уэрамым тету Зэгурыіуэныгъэм и утым нэс дэкІуеящ. Абы ирихьэлІэу лэжьэн щІрагъэдзэжащ щалэдзэсэм фІыуэ яльэгъуа, зэрыгушхуэ, макъамэкІэ гъэящІа псыутхьр.

Махуэшхуэ концертым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэр, республикэм уэрэдымрэ кьафэмкІэ и сабий ансамблхэр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Юбилей

Лъостэн Владимир и вагъуэр маблэ

Къэралпсо мыхьэнэ зиІа щІэныгъэлІ, зэман кІыхькІэ КъБКъУ-м и ректору лэжьа, республикэр, лъэпкъыр зэрыгушхуэ щыхьу щэджащэ Лъостэн Владимир Чэлимэт и къуэр псэужамэ мы махуэм илъэс 85-рэ ирикъунут.

ЛЪОСТЭН ВЛАДИМИР 1931 гъэм накъыгъэм и 2-м Шэрэдж щІыналъэм хьхэ Аушыджэр къуажэм кьыщалъхуащ. Щ1эныгъэлІ цІэрыІуэр ящыщщ XX лІэщІыгъуэм и жылагъуэ-политикэ лэжьакІуэ пажэхэм.

Щ1эныгъэ куу зэрыбгъэдэлъам и закъуэкъым Лъостэн Владимир щІыхуэхэм я гум фІыкІэ кьыщІинар. Абы хэлъа щІыхуэгъэ лъагэми псори ихьэхурт. Іэщ1агъэлІыр и зэфІэкІкІэ кьэзыльытэ унафэщІхэм ящыщт ар. Апхуэдэ лэжьакІуэм щІэгъэкъуэн хуэхъуну хьэзырт. Ар мызэ-мытІэу СССР-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым я Совет Нэхъыщхьэм я депутату хахащ. Илъэс зыбжанэкІэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ, «Хэку» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я Ректорхэм я советым я унафэщІу лэжьащ. Апхуэдиз зэфІэкІ зыбгъэдэлъа Лъостэным ЫкъэралыпІ дамыгъэ лъапІэ куэд кьыхуигъэфэщащ, Бэракъ Плъыжь, «ЩІыхьым и Дамыгъэ» орденхэр, медаль, щІыхь тхьлъ зыбжанэ яхэту. Абы зэрихьэрт КъБР-м, Адыгейм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ цІэ лъапІэхэр, ИнформатикэмкІэ дунейпсо академием и академикт.

Бгъэдэлъа зэфІэкІ лъагэмрэ цІыхугъэ инымрэ ар ящІащ цІыхубзм я гум лъэхъэнэкІэрэ имыхуж цІыху щэджащэ. Блэкламрэ къэкІуэнумрэ зэпызыщІэ, щІэблэкэм тхьдэр яхуэзыхьумэ зэманым Лъостэным и цІэр жьжьэ нихьэсынущ. Ар дунейм кьыщытекъэм кьэунэхуауэ щыта вагъуэр кьытхуоблэ, щІэныгъэм и нурыр дэтхэнэми лъигъэІэсу. Абы и цІэр дыщэпскІэ къэралпсо щІэныгъэм и тхьдэм хэтхащ, и фэеплъ нэхур цІыху минхэм ягухэм ильащ.

АРЩЫДАН Фейруз.

● Тэрч щІыналъэ

Зэи кІуэдынукъым

Джылахьстэнейм Накъыгъэ махуэшхуэхэм зыхуигъэхьэзырын пасэу щІидзащ. ЩІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм пщэрылъ щащІри, фэеплъ сынхэр зыхуей хуагъэзащ. ЩІышылэ - мэлыжьыхьымазэхэм къагъэщІэрэщІэжащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, абы хэкІуэдахэм я сурэтхэр.

НАКЪЫГЪЭМ и 1-м Тэрч район администрацэм щэнхабзэмкІэ и кьудамэм къызэригъэпэщащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм теухуа пшыхьыр. ЦІыхухэр щызэхуэсащ Тэрч кьалэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэми. Кьалэдэсхэр ирагъэблагъат «Мамырыгъэм дыхуэвгъэхъуахъуэ» зэхьхьэм.

Тэрч муниципальнэ районым и Іэтащхьэ Бэлэтокъуэ Владимир цІыхухэм зэрызахуигъаэз хьуэхъум къыщыхигъэщащ сыт хуэдэу зэманым зихъуэжми, Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэр нэхъыщхьэу къызэрыпэнур. «Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ. Мы псальэтІым я мыхьэнэр зэи кІуэдынукъым. Гъатхэм, дунейр къэзыгъэщІэрэщІэжьм, дэ дыпоплъэ зэхъуэкІыныгъэфІхэр кьэхъуну, ди хъуэпсапІэхэр къыдэхъулІэныр идоупхри. Абы щыгъуэми, хьэкъыу дощІэ ди лэжьакІэмрэ дуней тетыкІэмрэ псори зэрелъытар. Тэрч щІыналъэм щыпсэуэхэр сыт щыгъуи гуащІафІэу, къыщалъхуа лъахэм зэрызрагъэжьынум тележьэу къэгъуэгурыкІуащи, узынщагъэ фиІэну, унагъуэхэм берычэтыр илъыну сынывохьуэхъу», - жиІащ абы.

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэр Тэрч районым и щІалэгъуалэм дежкІи купщІафІэу екІуэкІащ: футбол щІыкІумкІэ зэхьэзэхуащ, «Ладья» шахмат клубым урыс шашкэмкІэ щІалэгъуалэр щызэпеуащ.

Мы махуэхэм Тэрч районым иджыри Іуэхугъуэ дахэ куэд щрагъэкІуэкІынущ Текіуэныгъэ Иным и щІыхькІэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм ирихьэлІэу, Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм щыпащащ Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэ Иныр къызэрыщахьрэ илъэс 71-рэ зэрырикъум теухуа фэеплъ зэхьихьэхэм.

НАКЪЫГЪЭМ и 1-м щІыналъэм и кадет, егъэджэныгъэм кьыхэжаныкІ щІалэгъуалэ 200-м щІигъум Шэджэм кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм метр 70 зи кІыхьагъ Георгий и лентІыр щыпхрахащ. Хэку зауэшхуэм лЫгъэрэ хахуагъэрэ кьэзыгъэлъагъуэу щыхэкІуэдахэм я фэеплъым кІуэри зы дахьикъэкІэ яхуэщыгъуащ. Іуэхур кьыдаІыгъащ щІыпІэ властым и органхэм, Урысей ОМВД-м Шэджэм щІыналъэм щІэ кьудамэм и лэжьакІуэхэм.

● Шэджэм щІыналъэ

Уафэгур есей

Шэджэм щІыналъэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и утым щызэхуэсыжри, Текіуэныгъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр ирагащ Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и волонтёрхэм. Дуней псом мамырыгъэ щыІэн папщІэ уафэгум щаГъэлъэтащ.

Махуэшхуэм пащащ щІыналъэм щэнхабзэмкІэ и управленэм игъэхьэзыра концертымкІэ. Кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыІакІуэхэу Юлташевэ Людмилэ, Дыщэкі Артур, Мэремщауэ Каринэ, Щ1ынокъуэ Дианэ, АфІэунэ Арсен, Атэлыкъ Алим сымэ, «Шэджэм псыкъелъхьэр», «Джигиты Чегема» ансамблхэм, Сабий творчествэмкІэ щІыналъэм и унэм и гъэсэнхэм, Шэджэм къалэм и курыт еджапІэ №4-м и еджакІуэхэм.

Къищынэмыщ1ауэ а махуэм спорт зэхьэзэхуэхэри кьызэрагъэпэщащ. Дэтхэнэ зыми Іэмал иІащ и зэфІэкІым елъытыжьыну. Зэпеуэхэм кьыхэжаныкІахэм щІыхь тхылъхэр, медалхэр, саугъэтхэр хуагъэфэщащ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роза.

ЛІыІэщын Аидэ дэфІыгъ!

Уэрэджыакіуэхэм я «Новая звезда», Урысейм и щІыпІэ 85-м щыщ уэрэджыІакІуэхэр зи зэфІэкІ щеплъыж къэралпсо зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэм хэтхэм папщІэ Іэіэт ирагъэжьащ. Зэхьэзэхуэр кьызэрагъэпэщащ «Звезда» федеральнэ телеканалымрэ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэмрэ.

Финалым кІуащ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм щыщ ЛЫІэщын Аидэ.

Зэпеуэм пашэ щыхьэн папщІэ ирагъэкІуэкІ Іэіэтэр накъыгъэм и 7-м эфир занщІэм щагъэльэгъуэну финалым нэхъыщхьэм хьыхьэу зэхуащІыжьынущ.

Аидэ ягъэ ищынымкІэ и хэкуэгъуэхэр фыдзІэпыкъуфынущ 1880 номерым Z18 хъыбар евгъэхьмэ. Зы смс-р НДС-р хьыхьэу сом 35-рэ и уасэщ. Зы телефонымкІэ смс 20 ебгъэхь хъунущ.

● КъБР-м и Парламентым

Зэуіуу зэрызэдэлажьэм и фІыгъэкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и зи чэзу зэІущІэм 2015 гъэм КъБР-м и Правительствэм и лэжьыгъэм кърикІуахэм теухуа отчётым щедэІуащ. Республикэм и социально-экономикэ зыужьыкІэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэпкърихыу абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий.

И ПСАЛЪЭМ и пэублэу, Премьер-министрым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым фІыщІэ хуищІащ республикэм и Правительствэм мыхьэнэ хэха зиІэ и жэрдэмхэр кьаззэрыдищтэм, хабзэхэр гъэззэщІэнымкІэ къаззэрыдэІэпыкъым, я щыщІэныгъэхэм гу зэрыпГарагъэтэжьми папщІэ.

КьызэригъэльэгъуамкІэ, нэгъабэ я лэжьыгъэр трауХуащ КъБР-м и Іэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам, 2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэм, экономикэмрэ псэукІэмрэ зэпІэзэрыту заужьынымкІэ япэ игъэщ1ыпхъэ Іуэхугъуэхэм я планым щІыубзыхуа къалэн нэхъыщхьэхэр гъэззэщІэным. Ал хуэдэщ экономикэм и Іэнатіэхэм зэпІэпыхьэу зэгъэужьыныр, социальнэ зэпІэзэрытыныгъэр хьумэныр, инвестицэ нэхъыбэ кьыхэгъэлъхьэныр, къэрал Іуэху зехьэкІэр егъэфІэкІуэныр щыдиІэ екъулІэныгъэхэр ди лэжьыгъэр фейдэ пылъу зэрыдунэтІым и щыхьэтщ, - кьыхигъэщащ Мусуков Алий.

Зыужьыныгъэр зыхуэдэр

Доклад зыщІам кьигъэлъэгъуащ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра законопроектхэм ящыщу 24-рэ республикэм и Парламентым кьызэрищтар.

Мусуков Алий кьытеуВыІащ КъБР-м и Правительствэмрэ хабзэзубзыхУ Іэнатіэмрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, республикэм нэхъыщхьэу зригъэзэхуліахэм. ЩІыналъэ валовэ продуктыр сом меларди 132-рэ (2014 гъэм елъытауэ проценти 103,3-кІэ нэхъыбэщ), промышленностым кьыщІигъэкІым и индексыр проценти 105-рэ мэхъу. Іэнатіэхэм я Іэдакъэщ1эжьыу щэхуакІуэхэм хурагъэшащ, лэжьыгъэрэ Іуэхутхьэбзэу зэфІагъэкІащ сом мелард 43,6-рэ и уасэ. МэкъумэщхэкІыу сом мелард 38,7-рэ и уасэ кьалэжьащ (2014 гъэм елъытауэ проценти 104,4-рэ мэхъу), ухуэныгъэу сом мелард 11,9-рэ и уасэ ирагъэкІуэкІащ (проценти 108,2-рэ), мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу сом мелард 31,3-рэ хуэзщІагъэуІуащ (проценти 121,5-рэ). Розницэ сатум сом меларди 113,5-рэ щІызэрагъэкІуэкІащ (процент 95,5-рэ), сом мелард 26,2-м пэкІуэ Іуэхутхьэбзэ щІыхухэм пщІэкІэ хуащІащ (проценти 100,5-рэ). 2015 гъэм мазэ улахуэр ику иту сом мин 20-рэ 562-м нэсащ. Ар ипэ ита илъэсым зэрыхьуам щІегъу.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Зэуіуу зэрызэдэлажьэм и фІызъэкІэ

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

Бюджет политикэр

Нэгъабэрей бюджет политикэр нэхъыщхьэу ЗыгранщІыхьар бюджет мылъкур тКІийуэ зэгъэзэхуэныкІ, социальнэ къалэнхэр ІэнатІэр щІэныр хузэщІэгъэуІуэныкІ.

Республикэм и бюджет ІІ лъэужьыгъуэ псоми налогрэ нэгъуэщІ ахъщэу сом мелард 15,4-рэ хэлъхьащ. Ар илэ ита илъэсым елъытауэ процент 23,5-кІэ нэхъыбэщ. Налог хэхъуэхэм я процент 41-р - сом меларди 6-рэ мелуан 344-р - акцизхэм кІыхьэрагъэпэщащ, процент 31-м нэблагъэр (сом меларди 4-рэ мелуан 736-р) цІыхухэм я хэхъуэхэм, процент 15-м нэсыр (сом меларди 2-рэ мелуан 260-р) мылъкым техьэ налогхэм хуозэ.

Іэхъущ Іапіэхэм я мылъкум пэкІуэ налогыу УФ-м и бюджет ІэнатІэм халъхьэм 2014 гъэм елъытауэ хэудитІкІэ хэхъуащ - акцизхэм техьэ нэлогым - хуэдэ 1,8-кІэ, транспорт налогым - хуэдэ 1,5-кІэ, цІыхухэм я мылъкумрэ хьугъуэфІыгъуэу къыщІахьымрэ хуэзэ налогхэм - хуэдэ 1,4-кІэ.

Хэхъуэ псоми я Іыхьэ пІанэм нэблагъэр - сом меларди 3-рэ мелуан 738-рэ федеральнэ бюджетым халъхьащ икІи абыкІэ къалэпэщта къалэныр процент 210-кІэ ягъэзэщІащ. Ар 2014 гъэм зэрыхъуам процент 37-м нэскІэ щІегъу.

Псори зэхэту нэгъабэрей республикэ бюджетыр сом мелард 25,7-рэ хъуащ (ипэ ита илъэсым елъытауэ проценти 5,7-кІэ нэхъыбэщ). Налогрэ нэгъуэщІу къыхахэмрэ процент 19,1-кІэ хэхъуащ икІи сом мелард 11-м нэсащ. Абыхэм я процент 24,5-р налог хэхъуэхэм хуозэ.

- Налог хэхъуэхэр зэщІэгъэуІуэныжкІэ Урысей Федерацэм еянэ увыпІэр, КИФЩІ-м бжьыпэр республикэм нэгъабэ щиубыдащ. Бюджет зэхэтым дотацэу хухахыр гъэ кІуам ящэу процент 50-м щІигъукІэ ехащ икІи процент 46,7-м нэсащ. Ар КИФЩІ-м хьыхь республикэхэм я деж щынэхь мащІэ дыдэщ, - жиІащ Мусуков Алий.

Премьер-министрым къыхигъащащ мыгъэрей бюджетыр экономикэр щытыкІэ гугъуэм щІлъхъэнэм зэрагъэзыхуар. 2016 гъэм и бюджет политикэр тещІыхьащ республикэ бюджетыр зэхэгъэкІуэным, зэгъэзэхуэу къэгъэсэбэпыным икІи къащта къалэнхэр фейдэ пылъу гъэзэщІэным.

Псори зэхэту бюджет зэхъуэхэр сом мелард 24,1-рэ хъуэу къащтащ. Налог хэхъуэхэр процентI 123-м нагъэсу, сом мелард 12,6-рэ зэщІагъэуІуэну траухуащ.

Куэду зэхэт промышленнэ комплексыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ комплексыр Іэухущ Іапіэ куэду зэхэтщ. Абы хохьэ ерыскъы промышленностым, промышленность псынщІэм я предприятэхэр, машинэхуэу, цІуугъэнэ, химие, пхъэм елэжь ІэнатІэхэр, нэгъуэщІхэри. Ящэхэм я процент 82-м нэблагъэр сырьём елэжьхэм хуозэ. 2015 гъэм, илэ ита илъэсым елъытауэ, процент 17-кІэ нэхъыбэ абыхэм щэхуакІуэхэм хуратъэшащ. ЩІыуэпс хъугъэуІыгъуэу хуэдэ 1,5-кІэ, токыу, газу, псыуэ проценти 3,6-кІэ нэхъыбэ ящащ.

Промышленностым и ІэнатІэ зэмыліужьыгъэхэм проект зыбжанэ щагъэзэщІащ. Къапщтэмэ, «Къэбэлъкъщыдагъэгаз» Іэхуущ Іапіэм иджырей автомобиль газ игъэхъуапІэ компрессор станцэхэр щызэпкърагъэхь. Къэралым щынэхь ин дыдэхэм ящыщ хъуну щэкІ фабрикэр ухуэныр и кІэм нагъэблагъэ. И лъэщагъ псомкІи яутІыпщІмэ, илъэсым сом мелард и уасэ продукцэ къыщІигъэкІынущ.

Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм къищтащ нэгъуэщІ щыпІэхэм зэкрашу щыта продукцэхэр промышленнэ ІэнатІэ зэмыліужьыгъэхэм дяпэкІэ зэрыщагъэхьэзырынум и планыр. Абы хагъэхьа продукцэ лІэужьыгъуэ 37-м ящыщхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ предприятэхэм щелэжьыфынущ. Апхуэдэщ рентгеналпаратэхэр, кІапсэ (кабель) продукцэхэр, налмэс, токышхуэ зэрыІуэн Іэмэпсымэхэр, глушителхэр, нэгъуэщІхэри. КъищынэмыщІауэ, Урысейм и эксперт центрым ираташ республикэм и предприятэхэм я Іэдакъэщ Іакіэхэр ящэн пащІэ, зыхуэй Іэзэгугъэхэм я заявкэхэр.

Мусуков Алий къыхигъэщащ Тырныауз вольфрам-молибден къыщІэхьІапІэр зэфІэгъэувэжыным пыухыкІауэ ящэ зэрихьар. Руда гъэтІылъыгъэхэр къэгъэсэбэпынымкІэ Федеральнэ агентствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэгурыІуэныгъэ зэращыІащ. Абы ипкъ иткІэ, а Іэхуущ Іапіэм и пщэрыльэ (полномочие) щхьэхуэр республикэм и гъэзэщІакІуэ властым къратащ.

АПК-р

Агропромышленнэ комплексым и гугъу щищым, КъБР-м и Правительствэм и Учредительнэ къигъэлъэгъуащ мэкъумэшхэкІыу къалэжьым зэпІэзэрыту зэрыхъэхуэр. 2014 гъэм елъытауэ проценти 5,3-кІэ нэхъыбэ нэгъабэ кърахьэлІэжащ. Гъавэрэ джэшхэкІыу тонн мин 947-рэ (процент 101-рэ) къыщІэлъхІащ, кІэртІоф тонн мин 234-рэ (процент 104-рэ) къатІыжащ, хадэхэкІыу тонн мин 407-рэ (процент 117-рэ) къыщІачыжащ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мин 125-рэ (процент 105-рэ) зэщІахуэжащ. ІэщхэкІыу къалэжьым процент 3,4-кІэ хэхъуащ. Ерыскъы промышленностым продукцэу ищащ, апхуэдэу лэжьыгъэрэ Іэхъутхьэбзэу зэфІигъэкІащ сом мелард 25-м нэблагъэ и уасэ (процент 154-р).

Ухуэныгъэр

Метр зэбгъуэнатІэ мин 375-рэ къыззрыкІ фэтэр 2929-рэ нэгъабэ яуХуащ. Ар ипэ ита илъэсым елъытауэ процент 14,2-кІэ нэхъыбэщ. Унэ кхъахэм щІэсхэр къыщІэгъэкІынным техуха программэм тету, цІыху 587-рэ фэтэр 269-м ягъэІэпхъуащ. Мурад пыухыкІам тещІыхьа республикэ инвестиц программэм ипкъ иткІэ, объект 35-рэ яташ; тхур узынщагъэр хъумэным, хыр егъэджэныгъэм, пщІыр спортым, щыр щынхабзэм, бгъур газрэ псырэ къэзыт ІэнатІэхэм, псы хозяйствэм я Іэухущ Іапіэщ. Къэралым, муниципальнэ Іэухутхьэбзэхэр зэуІуу щагъэзэщІэ центру я къызэрагъэпэщащ. «Ипщэ», «Ищхъэрэ» автовокзалхэр яухуэ, Налшык и кхъухьлъэтапІэр зэрагъэпэщыж. Метр зэбгъуэнатІэ мини 10,5-м тещІыхьауэ, илъэсым цІыху мин щитху щызэблэкІыфынУ иджырей пассажир терминал ящІыну я мурадщ.

Социальнэ ІэнатІэр

Мусуков Алий тепсэлъыхьащ хъэрычэтыщІэ Іуэху мащІэмрэ курытымрэ дэІыгъыным техуха къэралым политикэр, «Республикэ щынагъуэнщІэ» программэ гуэдзэр зэрагъэзэщІэм, социальнэ ІэнатІэхэм щызэфІагъэкІэм. Къапщтэмэ, апхуэдэщ бюджет Іэухущ Іапіэхэм щат улахуэр щыІэ мардэм нэгъэсыныр, бюджет организацэхэм я лэжьакІуэхэм ику иг я мазэ хьэкъым хэгъэхъуэныр. ЦІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэрэпэщынми гулъытэ хуащІ. Абыкіэ Іэухущ Іапіэхэр я щІэгъэкъуэну, цІыху 8400-м лэжьыгъэ къыхуагъуэтащ. Ар 2014 гъэм елъытауэ процент 22,5-кІэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящыщу ныкъэудыкъуэ 82-м хуэфащэ ІэнатІэ къыхудахащ.

УнэгъащІэхэм, унагъуэшхуэхэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм ягъуэт дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдэмки къытеувыІащ.

Узыншагъэр хъумэныр

Узыншагъэр хъумэным техуауэ накъыгъэ указхэм хуащІа хэлъхьэзэнгъэ нэхъыщхьэу Мусуков Алий къыльытэр цІыхухэм я гъащІэм илъэс 74,2-м нэскІэ зэрыхэхъуарц.

- Ар и фІыгъэщ лэжьэгъуэ ныбжьым иту дунейм ехьжьхэр нэхъ мащІэ зэрыхъуам. Псори зэхэту илъэс кІуам а бжьигъэр процент пщІанипІкІэ ехащ икІи зы миным хуэзэу кІэрыхуар цІыхуи 8,78-рэщ, - къигъэлъэгъуащ абы.

Премьер-министрыр хэхъуэ къытеувыІащ медицинэ Іэухущ Іапіэхэм я мылъкутехникэ лъабжьэр гъэбзыдэным, узыншагъэм зэрыкІэлъыплъ щІыкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ зэуІуу зэфІагъэкІэм. Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэм зрагъэжьэр, ар хуиту ягъуэтмэ, зи лъыр тэмэмуэмыкІуэкъэм ящыщу дунейм ехьжьэр процентI 6,6-кІэ нэхъ мащІэ хъунущ. - къыхигъэщащ Правительствэм и Учредительнэ.

Мусуков Алий щхьэхуэу зэпкърихащ экстремизмэм пщІэтыным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІэр, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымрэ, туризмэм я Іэнатіэхэм, къэралІуэ Іэухущ Іапіэхэм зэрадэлажьэ щыкІэр.

- Дызыхэт гугъуехьхэр зыхуэдэри, къыптпащыт кІалэнхэм я мыхьэнэри Правительствэм фІыуэ къыгуроІуэ. Ар къэтлъытэри, ди лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм я «Гъуэгу картэхэр» дгъэхъэзырауэ, догъэзащІ. Иджы дыщхьэщкІэкъун хуейр зэдгъэхъулІаэхэр зэрытхъэмэным и закъуэкъым, атІэ ІэнатІэ псоми зэпІэзэрыту зегъэужьыныр къызэгъэпэщынрыщ, - къыхигъэщащ абы жиІаэхэр щигъэбыдзэжу.

Депутатхэм я упщІэхэр

И къэпсэлъэныгъэм и ужькІэ, Правительствэ-мистрым депутатхэм я упщІэ куэдым жэуап яритащ. Аэрэ ехьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэрым фадэхэкІэр щызыІэхьэзэщІэ ІэнатІэхэм я лэжьыгъэм, акцизхэм кьапэкІуэ налог хэхъуэхэм, Бахъсэнэрэ Нарткъалэрэ щыІэ псы гъэкъэбзаПІэкІэ зэгъэпэщыжыным, ямыгъэІэпхъуэ мылъкум щыщ псэуалъхэм хуэфащэ кадастр уасэкІэр хуэгъэувыным. Мусуков Алий зэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ ягъэува кадастр уасэмкІэ мыаразэ дэтхэнэри а Іэхум хэплъэжыну зэрыхуитыр. Абы папщІэ, Урысей Реестрым и щылалъэ къудамэм комиссэ щхьэхуэ къыщыдэзрагъэпэщащ.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іэухущ Іапіэхэм зегъэужьынымрэ цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Пащты Борис щІыпІэ телевиденэм и къэкІуэнур зыхуэдэм щІэупщІащ. Премьер-министрым зэрыжиІамкІэ, иджырей Іэмалым тету ар зэрылажьэну пІалъэр 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м еух. Республикэ телевиденэр къызэтенэн щхьэкІэ, абы и технологие лъабжьэр иратъэфІэкІуэн хуейщ. А лэжьыгъэм етІанэгъэ щІадзэнущ.

Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ щІэупщІащ республикэм школ 58-рэ щыІуэхуэным икІи щызэгъэпэщыжыным техуха федеральнэ программэр гъэзэщІа зэрыхъум. Мусуков Алий зэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ программэм ипкъ иткІэ, 2025 гъэм ирихьэлІэу, къэралым и еджапІэ псори зы сменэм хуэкІуэн зэрыхуейр. КъищынэмыщІауэ, процент 50-м щІигъукІэ зи пІалъэр икІа курыт еджапІэ щыІэн хуейкъым. Ар къалъытэри, 2025 гъэм ирихьэлІэу школакІуэхэм я бжьыгъэм процент 20-кІэ зэрыхэхъуэным щІыхьа республикэ программэ ягъэхьэзырри, къащтащ. ТЫсыпІэ мин 19-м щІигъу къызэрагъэпэщын хуейщ. ЕджапІэ 15 яухуэну, 47-м гуащІыхьырэ, зрагъэубгъуну я мурадщ. Школ щхьэхуэхэр иджырей пщалъэм кърагъэтІэсэнущ. Лэжьыгъэ псоми сом меларди 6-рэ мелуан 260-р) мылъкум техьэ налогхэм хуозэнущ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ и упщІэр зегъэжаІуэхэм я улахуэмрэ дыгъэгъазэ кІуам ар щІэгъуа щхьэусыгъуэмрэ триухуащ. Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, дыгъэгъазэмрэ къыкІэІыкІуэ мазэмрэ я улахуэхэр щІышылэм ятащ. Иджы ар ягъэгувэжьрькъым.

И доклад купщІафІэм папщІэ, Егоровэ Татьянэ Премьер-министрым фІыщІэ хуищІащ.

- Иужьрей зэманым, хабзэубзыху Іуэхуэхэм хэту, Іэхъэщ Іакіэ властым и ІэнатІэхэм хъарзынэу дадолажьэ. Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я нэхъыбэм законопроектэхэм ящыщ куэдыр къыщІыхъэщІыхъэр ахэр къэзыгъэсэбэпхэрщ, псом ящэу, Правительствэр. А хабзэубзыху жэрдэмыр нэхъ тегушхуаяу къэвгъэсэбэпыну дыхуейт, - жиІащ Парламентым и спикерым.

Егоровэ Татьянэ республикэм и Правительствэм зыхуигъэзащ пщалъэ-хабзэ актхэр щыІэ законодательствэм нэхъ жьыдэру ирагъэгъыну, апхуэдэу регламентым къызэригъэувым хуэдэу, щыхэплъэн щхьэкІэ, зыхуей тхыльхэр зэкІэлъыхьауэ Парламентым иратыну.

- Законхэм, къэпщытэныгъэ-аналитикэ Іэухугъуэкэр щрагъэкІуэкІым кхъахьэхьа чэнджэщхэм Парламентым и зыхуэфащэ комитетхэмрэ ахэр зэхъэлІа министерствэхэмрэ нэхъ жьыдэру икІи зэуІуу елэжьыпхъэу къызолъытэ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.
Сурэтыр **Іэхъуэбэч Хьэзэрэіиі** *трихащ.*

Щ Іалэгъуалэр экстремизмэм щыхъумэным теухуа Іуэхуэхэр Щэджэм районым щокІуэкІ КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, республикэм и Парламентым и депутатхэр, властым и щІыпІэ органхэм я лІыкІуэхэр хэту.

ЗЭІУЩІЭХЭР хуэгъэзащ хабзэм тетын, псэкупсэ яхэлъын зэрыхуейр еджапІэхэм щІэсхэм ягурыІуэныным, ахэр Іейм щыхъумэным.

Апхуэдэ Іуэхуэхэм ящыщ Щэджэм къалэм и курыт щхьэ №2-м щрагъэкІуэкІауэ лІыгъэр зехьэным теухуар. ЗэІущІэм хэтащ Щэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къэкІуэнур зыхуэдэм щІэупщІащ. Премьер-министрым зэрыжиІамкІэ, иджырей Іэмалым тету ар зэрылажьэну пІалъэр 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м еух. Республикэ телевиденэр къызэтенэн щхьэкІэ, абы и технологие лъабжьэр иратъэфІэкІуэн хуейщ. А лэжьыгъэм етІанэгъэ щІадзэнущ.

Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ щІэупщІащ республикэм школ 58-рэ щыІуэхуэным икІи щызэгъэпэщыжыным теухуа федеральнэ программэр гъэзэщІа зэрыхъум. Мусуков Алий зэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ программэм ипкъ иткІэ, 2025 гъэм ирихьэлІэу, къэралым и еджапІэ псори зы сменэм хуэкІуэн зэрыхуейр. КъищынэмыщІауэ, процент 50-м щІигъукІэ зи пІалъэр икІа курыт еджапІэ щыІэн хуейкъым. Ар къалъытэри, 2025 гъэм ирихьэлІэу школакІуэхэм я бжьыгъэм процент 20-кІэ зэрыхэхъуэным щІыхьа республикэ программэ ягъэхьэзырри, къащтащ. ТЫсыпІэ мин 19-м щІигъу къызэрагъэпэщын хуейщ. ЕджапІэ 15 яухуэну, 47-м гуащІыхьырэ, зрагъэубгъуну я мурадщ. Школ щхьэхуэхэр иджырей пщалъэм кърагъэтІэсэнущ. Лэжьыгъэ псоми сом меларди 6-рэ мелуан 260-р) мылъкум техьэ налогхэм хуозэнущ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ и упщІэр зегъэжаІуэхэм я улахуэмрэ дыгъэгъазэ кІуам ар щІэгъуа щхьэусыгъуэмрэ триухуащ. Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, дыгъэгъазэмрэ къыкІэІыкІуэ мазэмрэ я улахуэхэр щІышылэм ятащ. Иджы ар ягъэгувэжьрькъым.

И доклад купщІафІэм папщІэ, Егоровэ Татьянэ Премьер-министрым фІыщІэ хуищІащ.

- Иужьрей зэманым, хабзэубзыху Іуэхуэхэм хэту, Іэхъэщ Іакіэ властым и ІэнатІэхэм хъарзынэу дадолажьэ. Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я нэхъыбэм законопроектэхэм ящыщ куэдыр къыщІыхъэщІыхъэр ахэр къэзыгъэсэбэпхэрщ, псом ящэу, Правительствэр. А хабзэубзыху жэрдэмыр нэхъ тегушхуаяу къэвгъэсэбэпыну дыхуейт, - жиІащ Парламентым и спикерым.

Егоровэ Татьянэ республикэм и Правительствэм зыхуигъэзащ пщалъэ-хабзэ актхэр щыІэ законодательствэм нэхъ жьыдэру ирагъэгъыну, апхуэдэу регламентым къызэригъэувым хуэдэу, щыхэплъэн щхьэкІэ, зыхуей тхыльхэр зэкІэлъыхьауэ Парламентым иратыну.

- Законхэм, къэпщытэныгъэ-аналитикэ Іэухугъуэкэр щрагъэкІуэкІым кхъахьэхьа чэнджэщхэм Парламентым и зыхуэфащэ комитетхэмрэ ахэр зэхъэлІа министерствэхэмрэ нэхъ жьыдэру икІи зэуІуу елэжьыпхъэу къызолъытэ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.
Сурэтыр **Іэхъуэбэч Хьэзэрэіиі** *трихащ.*

● Фэеплъ

ПсэкІэ дызэрощІэ

И цІэр зэхэсхуу щытами, МафІэдз Темыржан Хьэмзэт и къуэр и щхьэкІэ къыщысцІыхуар 60 гъэхэм и пэщІэдзэрщ, илъэсипщІым щІигъукІэ къулыкъу щысщІа советыдзэм сыкъыхэкІыжа нэужькІ.

ШЭДЖЭМ къалэм Лениным и цІэкІэ щызэхэта колхозым инженер нэхъыщхьэу, парткомым и секретарэу, правленэм и тхьэмадзу сыщылэжьа илъэсхэм а цІыху угъурлым хужаІэ щытхъуэр зэрыхуэфащэр, абыхэм егъэлеиныгъэ лъэпкъ зэрыхэмылъыр хьэкъыу спхыкІат. Езыр цІыху пэжт, захуэт, и къалэнхэр хьэлэту, дагъуэншэу игъэзащІэрт. Колхозым и хъуманІэм и тетти, мылъкумкІэ ихъ жэуапльныгъэр зыхуэдэр куууэ зыхищІэрт, зэрыжаІэу, жащи махуи абы и «плъыр». Пщэдджьыкъ къэс сыхьэти 5-6-м Іэнатіэм Іухьэрт, хъуманІэ пщІантІэм къыщыдэкІыжыр жащыбгрт. Гъавэр кэрал ІыхьипІэм щетт зэманым лэжьаПІэм нэху къыщекІырт.

Темыржан хуабжьу зэщІакъуат, учёт-отчётхэм егуГъурт, бухгалтер нэхъыщхьэм е бухгалтерхэм дагъуэ гуэр къыщыхуащІ къэхъурткъым. Хэгъуэ-къехьэлІэжьыгъэ махуэхэм ятІысхьэрт,ахэм я щІагъэкъуэну гъавэр ираІахьэрт, зэрыІуашьным хуагъэхьэзырырт, сэгъуэм ирихьэлІэу жылапхъэхэр зыхуей хуагъазэрт. Колхозхэт псори и ныбжьэгъуфІт, зыхалъхьэ щымыІэу, езыми щІэшхуэ хуащІырт.

Іэфірэ дахагъэрэ зыдэтлъагъуу дунейм тета цІыху пэж, лэжьакІуэшхуэу къэгъуэгурыкІуа МафІэдз Темыржан Хьэмзэт и къуэр псэужатэмэ, накъыгъэм и 5-м илъэс 87-р ирикъунут. Къытхэмытыжми, и фэеплъ нэхум пщІэ хуэтщІу, и ныбжьэгъуэ, зыцІыхуу щытахэм илъэс къэс, ноБэ хуэдэ махуэм ар дигу къыдогъэкІыжри, псэкІэ дызэрыщІэу къытщохъу.

Дыхуэзарэзыщ, Тхьэр арэзы къыхухъу.

АЛЪХЪЭС Барэсбий,
Щэджэм къалэм Лениным и цІэкІэ щызэхэта колхозым и правленэм и тхьэмадзу илъэсипщІкІэ лэжьа.

● Щэджэм щІыналъэ

Хэкупсэхэр ягъасэ

**Щэджэм муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къэкІуэнэр зыгъэзащІэ Текіушэ Артур къыхигъэщхьэхуКІащ: «Терроризмэр дэ сыт хуэдэ щІэкІэкІи зыщыщытхъумэн хуей къэхъукъащІэ щынагъуэщ. Нобэ фэ фи къалэн нэхъыщхьэр фІыуэ федджэныр, школ щапхъэ къэвгъэлъагъуэу къэвмыхынырщ, ди хэкум и псэкупсэ нэсу фыщытыныщ. Фэ, къытщІэхъуэу щІэблэм, дэ куэдкІэ дыфщогуэ».

Ветеран зэгуфэзныгъэхэм я унафэщІхэу Іэрыпщэ Борисрэ Зубрэ Владимиррэ къызэхуэсахэм жраІащ ди хэкум и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ пщІэ хуащІыным, ар хъымэным хуэхъэзыру щытыным мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриІэр.

Районым и егъэджэныгъэ ІэнатІэм и унафэщІ Іэрыпщэ Жаннэ щІалэгъуалэр хуиущащ зыщыщ пІэпкъыр, яІыгъ диныр зыхуэдэм емылъытауэ пщІэ зэхуащІыным.

ЗэІущІэм и кІэухым еджакІуэхэм хуагъэшащ экстремизмэ я жьІэм щІэмыІуэвэн папщІэ лэжьыпхъэхэр къыщыщІагъэуа тхыльэ цІыкІухэр. «ШыІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ» методикэ тхыгъэхэр, КъБР-м и Конституцэр.

КІАРЭ Элинэ.

Дунейм щыхъыбэрхэр

Визэхэр Іуахыжыну къыхуреджэ

Еврокомиссэм Европэм и Советым чэнджэщ иратащ Тыркум хуиІэ визэ зэхущытыкІэхэр Іуахыжыну.

Комиссэм хэІущІыІу ищІа тхыгъэхэм ятепщІыхьмэ, зы мазэ-мазитІым къриубыдэу къащтэну хабзэщІэхэм тыркухэм Іэмал яритынущ шенген визэхэр щызекІуэ щыпІэхэм илъэс ныкъуэ къэскІэ мазищым нэблагъэкІэ щыІэну. Арщхьэкіэ унафэр къащтэн папщІэ Анкара Іуэхугъуэ 72-рэ игъэзащІэну къыпэщылъщ. Ахэр ехьэлІащ я гъунапкъэхэр зэпызыпущІхэм ткІийуэ якІэлъыплъыным, хабзэншагъэкІэ Іэпхъуэшапхъуэхэр къэзэтегъэувыІэным, нэгъуэщІ куэдми.

ЗэпыщІэныгъэ щыІэжкъым

«Восточный» космодромыщІэм ялэу тельэтыкІэ спутникым хуаІа зэпыщІэныгъэр дыгъуасэ зэуэзэпсу кІэуэдащ.

«Союз-2.1а» ракетэр спутникиц къыззидищтэри мэлыжькъым и 28-м, зы жэщмахуэкІэ гуваУэ, ягъэльэтат. Хьэрэшым щыІэ Іэрыщ аппаратхэр зэрызекІуэмрэ я лэжьыгъэмрэ абы иунэтІын хуейт.

ЗэпыщІэныгъэр щІэкІуэдам и лъэхъусыгъуэмрэ ар зэІубэ зэращІыжыну щыІкІэмрэ Іэщ Іагъэлъэр ерыщу йолэжь икІи щогугъ зэман гъунэгъум хуябрубыдэу псори ягъэтэмэмыжьыну.

Савченкэ Украинэм иратыжыну загъэхьэзыр

Украинэм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я къухьлъатэзэхуэ Савченкэ Надеждэ лъэхъэщым илъэс зыбжанэкІэ исыну Урысейм и судыр зэрыщащІэрэ махуэ зыбжанэ дэкІауэ аращ.

Дунейпсо хабзэкъэ къызэрагъэувын тету, Урысейм ар щыпсэу Украинэм иритыжьын хуейщ. Ди къэралым и ФСИН-м зыхуеину дэфтэрхэр абы папщІэ егъэхьэзыр, арщхьэкІэ апхуэдэу щыщІэнур Урысей Федерацэм щытрагъхьа тезырыр кьанэ щымыІэу и хэкум щипшынэну Киев къигъэгугъэмэщ.

НАТО-м пэщІагъэувэ

Ди къэралым и унафэщІэр ягъэпІейтей НАТО-м Іэщ Іакіэ зэщІэуэзэда и къаруэр кІуэ пэтми Урысейм и гъунапкъэхэм нэхъ пэгъунэгъу зэрыхъум. Абы зэрыпэщІэтын Іэмалхэри къалъыхъуэ.

Урысей Федерацэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей дыгуасэ иригъэкІуэкІа селектор зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, НАТО-м и дзэхэм япэщІэтырыну дивизиц ди къэралым къыщызэрагъэпэщ. Мы илъэсым къриубыдэу абыхэм ящыщу тІур Къухьэпіэ округым, ещанэр - Ипщэм щагъэтІысынущ. ДивизэщІэхэр къызэгъэпэщауэ щытынущ иджырей Іэщэ нэхъыбІхэмкІэ, къулыкъу щызыщІэнухэри контрактІкІэ къащта сэлэт, офицер пэрызэхьэ дыдэхэрщ.



♦1945 гъэм советыдзэхэм Даниемрэ Нидерландэмрэ хуит къащІыжащ.

♦Адыгей усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Пэрэныкъуэ Мурат** 1912 гъэм къалъхуащ.

♦1929 гъэм къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Адыгэ псалъэ» («Ленин гъэзэгу») газетым хэужа **Апажэ Назир.**

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Іэбубэ** 1930 гъэм къалъхуащ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, Адыгейм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Апышэ Абрэдж** 1937 гъэм къалъхуащ.

♦1938 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цІыхубз дохутыр **Бахъсэн Хьэмэдэ.**

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и профессор **Нэхущ Владимир** 1939 гъэм къалъхуащ.

♦1943 гъэм къалъхуащ усакІуэ, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхъэзэплъ Хьэсэн.**

♦Адыгейм и цІыхубз сурэтыщІ **ПэтІуащэ Феликс** 1948 гъэм къалъхуащ.

♦1948 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЛІыс Мухьэмэд.**

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Хьэмыку Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦1967 гъэм къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Мысост Вадим.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты мкІэ, пшэр техьэ-текІыу Налшык щыщІытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщІешынущ. Хуабэр махуэм градус 14-15, жэщым градус 11-13 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

● Кіэщіу

Гъуэгухэм йолэжь

Налшык къалэ администрацэм и унафэкІэ къапщытэ щыхьэрым и гъуэгухэр зыхуэдэр.

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм мы Іуэхум хухих мылькур псом ящэу трагъэкІуэдэнущ транспорт нэхъыбэ щызекІуэ гъуэгухэм. КъыхэгъэщІапхъэщ, щымахуэ блэкІам уае зэрыщымыІам и фІыгъэкІэ, ахъшэр зэгъэзэхуэ зэрыхъуар, иджы гантхэ лэжьыгъэр абыкІэ зэрызэфІагъэкІыр.

Мы зэманым ирихьэлІэу Лениным, КІыщокъуэмрэ ПащІэмрэ я уэрамхэм (Толстоймэ кІэм къыщыщІэдзауэ Ахъуэхъуэм и уэрамым нэсыху) кумбІэмбэхэр щагъэсеящ. Мыгувэу и кІэм нагъэсынущ Щоджэнщ ыкІым, Тэрчокъуэм, Пироговым я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм.

ТекІуэныгъэ Иным и махуэм ирихьэлІэу къагъэщІэрэщІэжьнымэ ящыщщ Къэбэрдей, Осетин, Тэман дивизэм, Суворовым, Кировым, Мэлбахъуэм, Нэгуэмэм, Пушкиным, Лермонтовым, Толстоим, Чернышевскэм, Байсултановым я уэрамхэр.

Жыг хасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэзхэм жыгыщІэхэр щыхасэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щІыналъэ псоми мэзхэр къыщыгъэщІэрэщІэжьнымрэ щІыуэпсым щыхьэнымрэ и мыхьэнэр щІыуэпсым къагурыгъэуІэнымрэ ехьэлІауэ УФ-м Мэз хозяйствэмкІэ и агентствэм къыхилъхьа жэрдэмыр даІыгъуэ КъБР-м щІыуэпсымкІэ и министерствэм мэз хозяйствэмкІэ и департаментым и лэжьакІуэхэм мы махуэ зэкІэлъыкІуэхэм псори зэхэту щыкІуэ 300-м нэблагъэ хасащ.

Накъыгъэ мазэр ирихьэу мы лэжьыгъэр ди республикэм щекІуэкІынущ. Іуэхум ящэу хьыхьахэм ящыщщ Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж щІыналъэхэм я мэз хозяйствэхэр.

ЕджапІэр къагъэщІэрэщІэж

Шэрэдж щІыналъэм и администрацэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, Безенги щылагъуэм дэт курыт еджапІэр щІадзауэ зэрагъэпэщыжь.

ПСОМ нэхъ сэкъатышхуэ зыгъуэта спорт залым пластик щхьэгъубжэхэр щІэуэ халъхьащ, унэлъэгур къращІыкІыжащ, блынкэр зэрахьащ.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ яубла лэжьыгъэр зэфІегъэкІ «Строительная торговая компания» Іуэхущ Іапіэм. Ухуакіуэхэм зэрыжаІэмкІэ, нахъыгъэм и кІэхэм школыр хьэзырнущ, 2016 гъэм и г

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къэрал унафэ

Депутат Іуэхуншэхэм щысхьынукъым

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Іэ тридзащ махуэ 30-м щІигъукІэ лэжьапІэм къеІмыкІуалІэ е и хэхакІуэхэм пыщІэныгъэхэр зыхуимыІэж депутатхэм я мандатыр къызэрытрахыжынумкІэ хуит зыщІ унафэм.

УНАФЭМ зэхъуэкІыныгъэ хелъхьэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ Федерацэмкіэ Советым хэтхэмрэ я статусым теухуа статьям. Абы къыщыгъэлъэгъуащ цІыхубэ лІыкІуэхэм я къулыкъур къызэрытрахыж Іэмалхэр. Унафэм ипкъ иткІэ махуэ 30-м щІигъукІэ къэлэнхэр зымыгъэзащІэ депутатым и мандатыр Іэщ1ахьжыну хуитщ ар зыхэт фракцэм е щылажьэ комитетым и жэрдэмкІэ.

«Щапхъэ къэгъэлъэгъуауэ хьэулейхэмрэ Іуэхуншэхэмрэ ехужьжьын хуейщ. Ар мыхьэнэшхъэ зиІэщ псом хуэмыдэу дызыхуэкІуэ хэхыныгъэхэм ирихьэлІэу, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Къэрал Думэм кІуэну зызыгъэхьэзырхэм ар ялъагъумэ ар-хуэдэм къытрагъэзэну я гум къэмыкІыхьэн папщІэ», - жиІащ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» фракцэм и депутат Нилов Олег.

ФИЛИППОВ Алексей.
«Интерфакс» хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.

● Текіуэныгъэ-2016

Парадым зыхуагъэхьэзыр

ТекІуэныгъэм и Махуэшхуэм ирихьэлІэу екІуэкІыну Парадым хэтынухэм я пэщІэдзэ зыгъэхьэзырыныгъэр мэлыжьыхьым и 28-м Мэзкуу щекІуэкІащ. Къалащхьэм щыпсэуэхэм Іэмал ягъуэтащ дзэ техникэм гъунэгъуу ельэныну, сурэт трахыну. Сыхьэт зыбжанэкІэ цІыхуэхэр метр зыбжыпщІкІэ фІэкІа пэмыжыжьэу бгъэдэтащ Т-14 «Армата» танкым, «Искандер-М» ракетэ комплексым.

ДЗЭ автомашинэхэм я колоннэр «Маяковская» метром къыщыщІэдзауэ «Охотный ряд»-м нэс укъуэдиящу щытащ. Езы зыгъэсэныгъэхэм щыщІадзар сыхьэт 22-рщ.

Парадым и тхыдэ Іыхьэр кІыхьэІуахащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм щыІа фащэкэр зыщыгъ сэлэтхэм. Абыхэм къакІэлъыкІуэу Ут Плъыжьым ирикІуащ часть щхьэхуэхэм я офицерхэр, сержантхэр, сэлэтхэр, дзэ училищэм я курсантхэри яхэту.

Апхуэдэу Мэзкуу дэтащ механизированнэ колоннэр. Абы хэтащ «Тигр» автомобилхэр, БТР-хэр, Т-90 танкхэр, дзэ техникэм щІэуэ кІыхьыхьахэр.

Къалащхьэм щекІуэкІынущ жащ зыгъэсэныгъитІ. КъыкІэлъыкІуэу Мэзкуу и уэрамхэр зэхуащІынущ накъыгъэм и 5-м. А жэщым махуэшхуэм зыхуагъэхьэзырынущ бронетехникэхэмра ракетэдзэхэмрэ.

Иужьрей, псори кІыщащІытэжьну, генеральнэ зыгъэсэныгъэхэр щекІуэкІынур накъыгъэм 7-рщ - а махуэм Парадым хэтынухэр ежьэнущ пщадджьжьыр сыхьэти 6-м.

Къыхэдгъэщынщи, Ут Плъыжьым накъыгъэм и 9-м щекІуэкІыну Парадым щагъэлъэгъуэнущ дзэ техникэу 100: Т-90А, Т-14 «Армата» танкхэр, лъэсыдзэм и дзэ машинэ БМП-3-хэр, «Курганец»-хэр, «Мста-С», «Коалиция-СВ» гаубицэхэр, «Бук-М2» зенитнэ-ракетэ комплексхэр, «Ярс», «Искандер-М» ракетэзешэхэр, нэгъуэщІ Іэщэ лІэужьыгъуэхэр.

Къэралым и Ут Нэхъыщхьэм щхьэпрылъэтынущ къхъхьлъатэрэ вертолёту 71-рэ. Абыхэм яхэтынущ Су-35 истребителхэр, Су-34 истребитель-бомбардировщикхэр, Су-24М фронт бомбардировщикхэр, МиГ-31БМ, Ту-95МС, Ту-160М, Су-25-рэ штурмовикхэр, вертолётхэу Ми-28Н, Ка-52. Лъэсу Ут Плъыжьым ирикІуэнущ зауэлІ мини 10-м щІигъу.

«Пресса сегодня» интернет хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.

Космодромым къахуихьар

«Восточный» космодромым мэлыжьыхьым и 28-м япэу щатІыпщащ «Союз-2.1а» ракетэ лІэужьыгъуэр. Абы кІэлъыплъащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. Ракетэм гуэту хьэрщым ягъэкІуащ спутникэу «Ломоносов», «Аист-2Д», «Sam-Sat-218».

«ВОСТОЧНЫЙ» космодромым и ухуэныгъэр апхуэсиплІкІэ екІуэкІащ. А зэманым хиубыдащ лэжьыгъэм и гъэззэщІэгъуэ пІалъэхэр къащыщІэпаудаи, лэжьакІуэхэм я зэщІэхъееныгъэхэри, ухуакІуэхэм хуэгъэзауэ уголовнэ Іуэхухэр къыщалэтари, Президентым абыхэм псалъэ ткІий ящриІахэри. КъуэкІыпІэ ЖыжьэМ и щІыналъэм щыпсэу къызэрыгуэкІ цІыхухэм я гъыбзэкъакъым, зэресам тету къалэжьым - Углегорсккі, къалэщІэм Циолковскэкіэ йоджэ.

Углегорск пэгъунэгъуу ялъ космодромыр къыщыунэхуащ 1990-гъэм. Абы «Свободный» фІащащ - Свободненскэ куейм и къалэ нэхъ ин дыдэм и цІэкІэ. СССР-р лъэпсэжу «Байконур»-р нэгъуэщІ къэралым къыщыщІидза ныжь, абы и къалэнхэм ящыщ гуэрхэр космодромыщІэм игъэзэщІэн хуеящ.

«Свободный»-р щаухъэну щыпІэр ауэ сытми кІыхьахауэ аракъым. 1969 гъэм къыщыщІэдзауэ Свободненскэ куейм щыІэт стратегие унэтІыныгъэ зиІэ ракетэ дивизэм и базэр. Баллистикэ ракетэхэр щаутІыпщыну щыпІэм и ухуэныгъэм гулъытэ лей хурамыгъэщІын папщІэ абы пэгъунэгъу Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда Къарухэм къулыкъу щызыщІэхэр щыпсэу къалэм Углегорск фІащащ. ФІамыщІ мыбы зэи къыщыщІахакъым, ауэ къалэм хамэ дамыгъэхьэу зэхэуцІа хьущ.

1994 гъэм ракетэ дивизэр зэбграхэкІыжащ, зауэлІхэр, илъэситІ дэкІри, яутІыпща «Свободный» космодромым лэжьапІэ уващ. ИлъэсипщІым къриубыдэу абы тельэтыкІар ракетитху къудейщ: Урысейм ейуэ зырэ нэгъуэщІ къэралхэм папщІэ плІырэ (США-мрэ Швециемрэ я зыриз, Израильм тІу).

2007 гъэм «Свободный»-р зэхуащІыжащ. Абы и пІэкІэ «Восточный» космодромыр ящыну трауухащ - япэм нэхъ ухэдитІкІэ нэхъ ину.

70 гъэхэм Углегорск къэкІуауэ щыта пенсионер Калугин Виктор игу къеГэжьІыж мыбы ущыпсэуну мыІейуэ зэрыщытар: «Ди псыр къабзащэщ, ихъуреягъкІэ псынэпсщ. Американхэм ракетэ ятІыпщыну къыщыкІуам Благовещенск кърахри, птулъкІэхэм ярыту псы къызадзыгъ. Абы щыІэ псым уефэнкІэ Іэмал иІэкъым. ИужькІэ ди псым щыщ еІубри, щыкІуэжьым я кумбыгъэхэм апхуэдэпс из ящІри здашащ».

● ЛэщІыгъуэм и ухуэныгъэ

Углегорск зэрыщытам хуэдэу зэхуэщІауэ къэнэжащ, дэфтэр хэха уимыІэу удагъэхьэнукъым, псори щызэщхьеркъабзэ пщІантІэхэм удэгъуэщІыхьыным зыри хэлъкъым. Иджыпсту цІыху мини 6 щопсэу: а къалэм щыщхэмрэ абыхэм я фэтэрхэр бэджэнду къэзыщта ухуакІуэ компанием и лэжьакІуэхэмрэ.

«ЗэошГъуэ Іейщ. Пщыхьэщхьэр сыхьэтипщІ зэрыхъуу къалэм зыри щыбэузэжьркъым, уи нэгу зебгъэужьыну уздэкІуэну щыІэкъым. Мыбы Іуэхущ1апІэ куэд щолажьэ, абы кІыхьэкІыу цІыхухэм я нэхъыбэр мы щІыпІэм щыщкъым. Дэри ди лэжьыгъэр зэрызэфІэкІыу унэм дыкІуэжынущ», - жеІэ Самарэ щыщ инженерым.

Къалэшхуэм щыпсэу цІыхум Углегорск къыхэрымыкІуэ гуэру кІыщыхъункІэ хъунщ. Мыбы зэманыр къыщыувыІауэ къыпщохьу: стадион зэщІэкІэжар, совет тхыпхъэхэр зытет Сабий творчествэмкІэ унэр, Гагариным и феплъ сыным ухуэзышэ аллее цІыкІур.

Амур областым и правительствэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Тетеньким Дмитрий зэрыжиІамкІэ, щыналъэм и унафэщхэм тхыгъэ яГэхьэзыращ 2016 - 2025 гъэхэм космодромэм зегъэужьыным хуэунэтІа «Роскосмос» къэрал программэм Углегорск хагъэхьэну ІкІуэр. Къалэм газ зэрыкІуэ бжьамийхэр дашэнущ, куэду зэтет унэ 33-рэ къызэыхуэтыншэ щымыІэу къызэрагъэпэщыжьынущ, километр 20 зи кІыхьагъ гъуэгур зэрагъэзэхуэжьынущ, псы есыпІитІ зиІэ спорт комплексыщІэ щаухуэнущ. Пэмыжьжьэу къыщыззІуахьнущ тхылъ хъумапІэрэ Сабий творчествэмкІэ центррэ зыхэт щэнхабзэ комплекс. Углегорск къэкІуэнущ космодромым щылэжьэнухэр. Абыхэм я сабийхэм папщІэ курыт адэжьрэ сабий садрэ щІыпхъэщ. Іэщ1агъэ лъагэ зиІэхэм фэтэрхэр къащыратынущ Циолковскэм.

Иджы нэгъуэщІ цІыхухэщ

ТхылъымпІэм тет проектхэм хэплъэкункІэ къалэм и кІэм щынагъэс сымаджэщ комплексым и ухуэныгъэр. ЗэрытращІыхьамкІэ, абы щеІэзэнущ «Восточный»-м и лэжьакІуэхэм я мызакъуэу, пэгъунэгъу жылагъуэхэми щыпсэухэм.

«Сымаджэщыщ1эр щыналъэ бюджетым хагъэхьащ», - жиІащ Углегорск дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Удод Виталий.

Цыху мин 20-м хуащІа Циолковский щІэныгъэ къалэм къикІыну гъуэгур сымаджэщ комплексым блэкІынущ: апхуэдэу Углегорскрэ космос унэтІныгъэм пыщІа Іэщ1агъэпІэхэр зыкъэзыуплІэну къалэщІэмрэ зэпыщІа хъунущ.

Кузнецов Виталий Углегорск къэІэпхъуащ 2000 гъэхэм, абыи курыт еджапІэр къыщиухащ. Иджы сымаджэщ автомашинэр зэрегъакІуэ.

«Ухуэныгъэхэм щыщІадза къудейм щыгъуэ мыбы вахтэ лэжьыгъэкІэ къакІуэхэм я нэхъыбэр тутнакъущым къикІыжарэ наркоманхэмрэт. Ахэр къедгъэпыну куэдрэ дыщыкІуэ къэхъурт. Куэд дгъэхьужащ, ауэ языныкъуэхэм я деж дынэмысурэ дунейм ехьжащ. Иджы мыбы къакІуэхэр нэгъуэщІ цІыху лІэужьыгъуэхэрщ. Школэкъэм щетІысэхьну иджы куэд щІохъуэпс, зи Іуэхутхьэбзэ хуэныкъуэ ІэщагъэлІэхэм лэжьапІэрэ фэтэррэ ират», - жеІэ Кузнецовым.

Къалэ администрацэм и унафэщІ Кохно Николай зэрыжиІамкІэ, сымаджэщ комплексым и закъуэ лэжьапІэ Іэнатіэ 300 къыщыунэхунущ.

Иджыпсту къалэм дащІыхьащ къат куэду зэтет униплІ, тыкуэнэр мэлажьэ, космодромымрэ Циолковскэмрэ я зэхуаку автобус тетщ. Къалэр псори дакъикъэ зыбжанэм къыпхуэзэхэлІухьнущ. ЩыпщІэныщхьи мыбы щыІэкъым, уэрамыщІэхэм я фІэщыгъэхэр зумыгъэщІэнумэ. Ятіэ уэрамым Гагарин Юрий и цІэр фІащащ, къыкІэлъыкІуэм Ухуакіуэхэм я уэрам 3-кІэ йоджэ. Абдежым къалэр щеух.

Стадионым нэс укІуэу укъэкІуэж хъунущ - спортым мыбы пщІэ хэха щыхуащІ. Гъэмахуэм унэхэм ящІэныгъэ футбол джэгуПІищ щаухуэхунущ, лъакъэрыгъажэ лъагуэхэр зэрыщынущ, бжьыхьэм псы есыпІэ зыхэт сабий садым лэжьэн щІидзэнущ.

Унэ яухуахэм и процент 60-м цІыхухэр щІагъэтІысхьащ. Космодромым пыщІа лэжьыгъэм къыпэрамышын папщІэ фэтэррэр зыхуей хэзгъэзауэ ят. КъищынэмыщІауэ, дэтхэнэми щІэтщ «экран губзыгъэ» Іэмэпсымэхэр. Фэтэрым къыщыбгъэсэбэп коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм пыщІа къыззэрабж счётчикхэм къаубгъэгъуэ бжьыбэхэр диспетчер центрым занщІэу Іэрохьэ. Абы и фІыгъэкІэ мазэ къэс а бжьыгъэхэр бгъэлъэгъуэн хуейкъым. Иджыпсту къалэм дэсыр цІыху мащІэщ, ауэ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм пыщІа Іэхуущ1апІэхэр мэлажьэ: ахэр псори «Къалэ щынагъуэншэ» системэм пыщІащ.

«Циолковскэм щыпсэуну цІыхухэр къоІэпхъуэ. Амур къэрал университетым ягъэ къыщІигъэкІащ космодром лэжьыгъэм хурагъэджа Іэщ1агъэлІхэр. Ахэр мыбы къокІуэ, фэтэр къаІэрохьэ. Араущи, Іэщ1агъэлІ щІалэхэр диІэщ», - жеІэ «Спецстройтехнологии» проектым и унафэщІ Коваленкэ Евгений.

Областым и губернатор Козлов Александр зэрыжиІамкІэ, Іэщ1агъэлІ щІалэхэм фэтэррэ мазэ уладхуэу сом мин 60-рэ ират. «Нэхъыщхьэращи, ахэр зыкуеджам ирогламжьэ. Амур къэрал университетым факультетыщІэ щыІэщ, школхэм космос унэтІныгъэ зиІэ классхэр щызэхагъэувэ», - къыхигъэщащ абы.

Яухуэ икІи якъутэ

Къалэщ1эм къыщыщІэдзауэ абы пэгъунэгъу Глухари къуажэм нэс километриуэ дэлъу аращ. ПІэщІыгъуэм и ухуэныгъэшхуэр жыжьэущ зэрыплІагъэр. Коосдромым къихь сэбэпныгъэм нэхърэ зэран зэрыхъур нэхъыбэщ.

Курган, Глухари, Голубое къуажэхэм щыпсэужьыр мащІэ дыдэщ, ахэри пенсионерщ. Абыхэм я уэрамхэм урикІуэмэ, зыри дэмысыхэу къыпщохьу.

Мывэкіэщхъ, пшахъуэ, ухуэныгъэ ІэмэпсымэкІэ къеэбышэкІ автомашинэшхуэхэр кІуажэ гъуэгуэм щыкІуэурэ ар Іисраф ящІ. Къуажэдэсхэм зэрыжаІэмкІэ, ухуакІуэ компанием кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэщІикъуэжьркъым.

А псоми и щхьэр егъэуэ жылагъуэм и администрацэм и Іэтащхьэ Старинэ Фёдор. Абы и тхьэусыхафэхэм жэуап ягъэтакъым.

«ДэІэпыкъуэгу псынщІэр къыкІуэцІрыкІыфыркъым. Зи гур кьызэуэн щІидза цІыхур докутрыкэр къэмысурэ лІаш, полицэр къыщыкІуар пщыхьэщхьэм сыхьэтипщІырщ. Гъуэгу зэи диІакъым», - жиІащ Старинэ.

Областым и губернаторым къыхигъащІу: «Урысейм и спецстройм» хэщІыныгъуэ къыдитар къабжьжащ. Свободненскэ, Шимановскэ районхэм я закъуэ хэщІыныгъуэ ягъэтащ сом мелуани 174-рэ и уасэ. 2016 - 2025 гъэхэм я къэрал программэм ипкъ иткІэ а хэщІыныгъэр къыдатыжыну дыкъагъэгугъащ, ауэ дэ апхуэдизрэ дыпэплъэнукъым - судым еттынущ. НэхъапэлъэкІэ хабзэм къемызэгъэну абыхэм пшахъуэ ди деж къыщыщІахащ. ШІыуэпсымкІэ министерствэм игъэхьэзыра тхьэусыхафэм ипкъ иткІэ дэ къэтхьащ сом мелуани 100. Пэжьр ди телъхьэщ».

УРОДОВ Андрей.
ИТАР-ТАСС

● Гукъанэ

ЛАВРОВ Сергей:

СССР-м Латвием щищІахэм папщІэ мылькУ щхьэщытыкІын хуейуэ къэзыгъэувхэр «ЦІыху сымаджэхэращ»

Апхуэдэ еплъыкІэ зэриІэр иджыблагъэ утыку кІырихащ Урысей Федерацэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэмкіэ и министр Лавров Сергей.

«ЗЭПЫЩІЭНЫГЪЭХЭР ямыгъэкІуэдауэ, мамыру зэбгъэдэкІыжащ. Абы щхьэкІэ зыми фІыщІэ ильэгуакъым икІи зэхихакъым. Къемызэгъэхэращи, псалъэмакъэр ирахьэжьащ СССР-м Латвием лей щызэрихьауэ, цІыхухэр игъэпщылІауэ», - кьехь Лавровым и псалъэхэр «Хьыбарыщ1эхэр» Іэнатіэм. Абы зэрыжиІамкІэ, Латвием и промышленностымрэ экономикэмрэ зэрызрегъэжьам щхьэкІэ, Урысейм мылъку щхьэщытыкІын хуейуэ къэзыгъэувхэр зи акъылъыр зэтекІахэращ.

Латвием къызэрилъытэмкІэ, 1940 - 1991 гъэхэм СССР-м я къэралыр иубыдауэ щытащ. Урысейм апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр идэркъым.

Совет зэрыпхъуакІуэхэм хэщІыныгъэ къахьар къэзыбж комиссэм и лІыкІуэ Паздере Рутэ нэхъапэ Іуэхущ1 жиІащ совет лъэхъэнэхэм Латвием игъэта хэщІыныгъэр евро мелардэ 185-рэ хъуэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

Совет Союзыр зэрылъэлъэжамкІэ жэуап ихьу къелъытэ

СССР-м и ятіэ президент Горбачёв Михаил жиІащ Совет Союзыр зэрылъэлъэжамкІэ жэуап ихьу къыззэрыщыхъур, хуэфащэн хуэдэу ткІийуэ къэзыухъуреихьэм ятіэщІэтыфакъым. Апхуэдэ гупсысэхэмкІэ ар ядэгуэшащ Экономикэмкіэ мэзкуу школым и тхылъыщІэ щигъэлъагъуэм кхрихьэлІа студентхэм.

ПРЕЗИДЕНТУ щытам зэрыжиІамкІэ ар мызэ-мытІэу щІэкІыжьын хуей хъуащ союз зэгурыІуэныгъэщІэм елэжьынымкІэ зэхуашэса, ар зи тхьэмадзу щыта, комиссэм и зэІущІэхэм хэтхэр къызэхинэурэ. «СакъыскІыжырт, ауэ зэман дэкІыри тхьэскІэлъыкІуэхэрт - зэ Ельциным зыгуэрхэр дэщІыгъуу, адрейм нэгъуэщІ гуэрхэр», - къеІуэтэж Горбачёвым. - Къэралыр хъумэн хуейуэ, Союзыр нэгъуэщІ гуэркІэ зэхъуэкІыныр щыцуагъэу къэсслытэу щытащ».

«Сэ къызгуроІуэ, абыкІэ жэуапІыныгъэ зэрысхьыр - сэ зыми сытригъэкІакъым, езыр-езыру сыцкІащ, абыхэм сапэлъащ1экъым», - зиумысижащ Горбачёвым.

ЩІэупщІэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ «Левада-центр»-м мы гъатхэпэм къингъэлъэгъуа бжьыгъэхэм ятепщІыхьмэ, процент 56-м ягу къоуэ СССР-р зэрылъэлъэжар, процент 28-м я еплъыкІэр абы пэщІоуэ. Процент 16-м зытраухэунур ящІэркъым.

1991 гъэм гъатхэпэм и 17-м СССР-м союзпсо референдум щекІуэкІащ. Абы къыщаІэтат мыпхуэдэ упщІэ: «КъэфІытыгъэ фэ Социалист Республикэхэм я Совет Союзыр республикэ щхьэхуитхэм зэуэдэ хуитныныгъэ щаІэ къэщІэрщІэжа федерацэу, дэтхэнэ лъэпкъми я хуитныныгъэ щІэзыхуэдэнур, хъумэн хуейуэ?» Абы щыгъуэм щІэупщІэныгъэм хэтахэм я процент 77-м союзыр адэкІи щыІэпхъэу Іэ яІэтащ, процент 22-рат ар къутэжыным и тельхъэр. Апхуэдэу щыт пэтми, зэман кІэщІ дэкІри, СССР-р лъэпсэжащ.

● Текіуэныгъэхэр

Франджым хуэшэчыжыркъым

Франджым и Лъэпкъ зэхуэсым и зи чэзу зэІущІэу мэлыжьыхьым и 28-м екІуэкІам дечэнт щыдалыгъащ оппозицэм къыхилъхьа дэфтэрыр. Ар теухуащ Урысей Федерацэм ехьэлІауэ щыІэ санкцэхэм адэкІэ къыпамыщэным. УФ-м Франджым щиІэ и сату лІыкІуэ Туров Александр «Коммерсантъ»-м и корреспондентым къыхуиІуэтащ текъуэзэныгъэхэм къыпекІуэкІыгъэ урысей компаниехэр франджы рынокым ихьэну зэрыхэтыр икІи франджы хьэрычэтыщІэхэр ди къэралым санкцэхэр техьэкъыным зэрыхущІэкъуэр.

- Санкцэхэр къызэрыхалъхьэ лъандэрэ Урысеймрэ Франджымрэ я сату Іуэхуэхэм сыт и лъэныкъуэкІэ зихъуэжа?

- Ди сату зэпыщІэныгъэхэр хуэдитІкІэ нэхъ мащІэ хъуащ. 2015 гъэм апхуэдэ бжьыгъэр доллар мелард 11,6-м хуэкІуащ. Ныжьыф дыдэу дыщыщІэдзэжьар 2011 гъэрщ - доллар мелард 28-рэ и уасэ сату щыІащ.

- Сыт урысей компаниехэм Франджым щащэну зыхуейр?

- Псалъэм папщІэ, машинэхуэу Іэнатіэм и хьэпшыпхэр, гъуэщІкІэм зэрелэжьхэр, гъавэхэкІхэр - ди гъавэм пщІэшхуэ щиІэщ абы. ЗыужьныныгъэфІигъуэтыфынущ кхъухьлъатэ ухуэным пыщІа унэтІныныгъэм. НэгъуэщІ къэралхэр хъыщІоупщІэ мафІэсхэр зэрагъэункІыфІ кхъухьлъатэ тельыджу Бе-200-м. «Урысейатом»-м и Іуэхущ1апІэхэм я къудамэхэр Франджым къыщызэІуахауэ атом унэтІныныгъэм дэ зэпыщІэныгъэхэр щыдогъэбыдэ. Апхуэдэу Іэ теддзащ «Airbus»-мрэ Гражданавиацэм и заводу Уралым щыІэмрэ я зэгурыІуэныгъэм. Ди Іуэхущ1апІэм зэпкърилъхьэнущ къеГэлакІуэ унэтІныныгъэ зиІэ вертолётхэр. Ар вертолёт цІыкІущ, ауэ щІэупщІэ зиІэщ. Абы урысей-франджы проектыфІ къыхэкІынущ.

- Ди инвесторхэм Франджым дауэ къащыІущІэрэ?

- ФІы дыдэу. Инвестицэшхуэхэр щыІэщ мыбы. Псалъэм папщІэ, GEFCO-р РЖД ОАО-м и инвесторщ. Ику ит инвестицэхэр щыІэщ, уеблэмэ коньяк, шампанскэхэр урысей Іуэхущ1апІэхэм мыбы къащыщІагъэкІ. Шагъэр щагъэхьэзыр хозяйствэхэр къащэху, жьзумейкэмрэ псэуалъэхэмрэ иту. Нэхъапэм инвесторхэм дзыхь хуамышІыщэу щытамэ, иджы апхуэдэ еплъыкІэхэр щыІэжькъым.

- Иджыпсту щыІэ урысей рынокым къихьэну гукъыдэж зиІэ франджы Іуэхущ1апІэхэр? Сыт хуэдэ хьэпшып абыхэм ящэну зыхуейр?

- Іуэхущ1апІэхэм урысей рынокым къихьэну иджыпсту къатехьэлъэнущ. Абыхэм финанс дэІэпыкъуныгъэхэри, кредитхэри иратынукъым санкцэхэм я зэранкІэ. УФ-м инвестицэ хуэзыщІ франджы Іуэхущ1апІэ 500 щыІэщ. ХьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ къэбгъэлъагъуэмэ, апхуэдэхэм я къэхэр 1500-м нэблэгъэщ. Абыхэм къытхуагъэлъагъуэ машинэхуэхэ Іэнатіэм и хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкІхэр. Санкцэхэм хиубыда хьэпшыпхэр къэрал ещанэхэмкІэ къарашэну хэтщ. Апхуэдэхэм дэ къагурыдогъаІуэ ар ди хабзэм къызэрымызэгъыр. А хьэпшыпхэмкІэ зэпыщІэныгъэхэм зрагъэужьыну хуейкъым, УФ-м ар къыщыщІагъэкІыну къыхудоджэ. Уи къарумрэ зэфІэкІымрэ ельытауэ мэкъумэш комплексхэр къызэбгъэпэщ хъунущ, гъэшхэкІхэм уелэжьыфынущ. Ди франджы лэжьэгъуэхэм санкцэхэр яІэщІэужэгъуащ, ар трахыжьну хущІокъу. СызэрегупсысымкІэ, апхуэдэр губа-щІэхами къэхъунущ.

- Ди къэралым хьэпшып къызэрымышэжэ Франджым сыт хуэдиз фІэкІуэда?

- Франджы хьэрычэтыщІэхэм банкхэм щІыхуэ къратырыкъым: езым я деж къыщыщІагъэкІ хьэпшыпхэр куэду къэзыныр зэпыуад. Дэ къызэрыдбжамкІэ, европей экономикэм езыхэм я санкцэхэм я зэранкІэ евро мелардитф 100-рэ лажьэнтІэ Іэнатіэу 1 мелуанрэ яфІэкІуэдащ. Урысейм ярищІыпІэжажэм къыхэкІыу абыхэм евро мелуан 200 хуэдиз яхэщІащ. Адрей къэралхэу Германиемрэ Польшэмрэ елъытауэ а бжьыгъэхэр мащІэщ.

- Санкцэхэм жыдэжру ятіэщІэт европей компаниехэм Урысейм дэчыныныгъэ гуэрхэр яхуищІу хъыбар щыІэщ. Ар пэж?

- Мы щытыкІэм зыгуэрым дэчых хуэпщІыныр гугъу дыдэщ. Ар антимонопольнэ хабзэм уэзребакъуэ Іуэхугъуэщ. ФІыщІэрэ хужьрэ щыІэщ - зыгуэр нэхъ хужьу е нэхъ фІыщІэу щытыфынукъым. Мардэхэр псом я деж къизэхуащ.

- ЮКОС-м и Іуэхум ехьэлІауэ урысей мылъкуу Франджым щыІэр зэраубыдам сыт хужьпІэфынру?

- А Іуэхум хуэгъэзауэ судым дыщыт-хьэусыхащ. Приставхэр ди Іуэхущ1апІэм къыщІыхьэну сыт хуит щащІар? Мы ухуэныгъэм дипломат иммунитет иІэщ, къызэрагъэсэбэпыр дипломат унэтІныныгъэ къудейщ.

ГОРЯШКЭ Сергей.
«Коммерсантъ»

Тхылъеджэхэм я насып

● «Библиотекэхэм я жэщ-2016»

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхъэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щекIуэкIащ «Библиотекэхэм я жэщ - 2016» урысейпсо социо-щэнхабзэ Iуэхугъуэр.

ФИГУ къэдгъэкIыжыщи, мэлыжьыхьым и 22-м и пщыхьэщхьэм библиотекэм и бжэхэр сыхьэт 18-м щыщIэдзауэ 21-м пшIондэ зэIуихащ. Тхылъыр фIыуэ зылъагъу сабийхэри балигъэри я гуапэу хэтащ «Кином еджэ» нэгуэгуэрыжь программэм. Зэхыхьэм зрезыгъэхьэлIахэм Iмал яIащ тхакIуэхэм, режиссёрхэм, усакIуэхэм, музыкантхэм епсэлъэнэу, библиотекэм, тхылъ хъумапIэхэм зыщапIэхьыныу, зэпеуэхэмрэ викторинэхэмрэ хэтыну. Къыхэгъэщипхъэщ, къызэрагъэпэща зэIущIэхэм мы гъэр Кином и илъэсу зэрыщыстыр щхьэусыгъуэ зэрахъэхьэр.

IуэхуцIапIэм лъэпкъ, лъахэхутэ литературэхэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэщащ «Литературный кинематограф Владимира Ворокова» зэIуIэ щхьэпэр. Ар езыгъэкIуэкIа библиотекэм и лэжьакIуэ нэхъыжь **Гуаджэ Iэминат** къызэхэсахэр хигъэтIуэзащ Вэрокъуэм и гъащIэмрэ и гъащIэмрэ. Зэхыхьэм хэтащ УФ-м и ТхакIуэхэм, Кинематографистхэм, Журналистхэм я союзхэм хэт усакIуэ, тхакIуэ, журналист, сценарист **Жылэтэж Сэлэдин**, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ ЗэщIуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я зэгухьэныгъэу Налшык къалэм щыIэм и Iэтащхьэ **Абдуллаев Мустэфа**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, усакIуэ **Беппаев МутIэлип**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ, усакIуэ **Моттаевэ Светланэ**, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**, республикэм и телевидеэм и диктор **БищIо Анатолэ**, КъБР-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм, Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэр. Къэпсэльэхэм кхъхагъэщащ Вэрокъуэ Владимир кино гъэзэджэм, литературэм, журналистикэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфIэхэр зэрыхуищIар, ноби куэд зэрилэжьыр, и гуащIэр къальытэу дамыгъэ куэд къызэрыхагъэфэщар. КърихьэлIа ящIэрэ щIыпIэ, лъпIащ, лъхъаныгъэ зыщапIэхьыныр, зэпеуэхэмрэ викторинэхэмрэ хэтыну. Къыхэгъэщипхъэщ, къызэрагъэпэща зэIущIэхэм мы гъэр Кином и илъэсу зэрыщыстыр щхьэусыгъуэ зэрахъэхьэр.

IуэхуцIапIэм лъэпкъ, лъахэхутэ литературэхэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэщащ «Литературный кинематограф Владимира Ворокова» зэIуIэ щхьэпэр. Ар езыгъэкIуэкIа библиотекэм и лэжьакIуэ нэхъыжь **Гуаджэ Iэминат** къызэхэсахэр хигъэтIуэзащ Вэрокъуэм и гъащIэмрэ и гъащIэмрэ. Зэхыхьэм хэтащ УФ-м и ТхакIуэхэм, Кинематографистхэм, Журналистхэм я союзхэм хэт усакIуэ, тхакIуэ, журналист, сценарист **Жылэтэж Сэлэдин**, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ ЗэщIуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я зэгухьэныгъэу Налшык къалэм щыIэм и Iэтащхьэ **Абдуллаев Мустэфа**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, усакIуэ **Беппаев МутIэлип**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ, усакIуэ **Моттаевэ Светланэ**, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**, республикэм и телевидеэм и диктор **БищIо Анатолэ**, КъБР-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм, Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэр. Къэпсэльэхэм кхъхагъэщащ Вэрокъуэ Владимир кино гъэзэджэм, литературэм, журналистикэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфIэхэр зэрыхуищIар, ноби куэд зэрилэжьыр, и гуащIэр къальытэу дамыгъэ куэд къызэрыхагъэфэщар. КърихьэлIа ящIэрэ щIыпIэ, лъпIащ, лъхъаныгъэ зыщапIэхьыныр, зэпеуэхэмрэ викторинэхэмрэ хэтыну. Къыхэгъэщипхъэщ, къызэрагъэпэща зэIущIэхэм мы гъэр Кином и илъэсу зэрыщыстыр щхьэусыгъуэ зэрахъэхьэр.

IуэхуцIапIэм лъэпкъ, лъахэхутэ литературэхэмкIэ и къудамэм щекIуэкIащ «Я сердце отдавил в синих горах» зэзэмызэгъэуцуну. Абы щыIэхэр: Тэхутэ Париж щытраха «Къыу заIуэ» («Одинокий лебедь») романым. Ар техуащ балеринэ щIэрыIуэ, тхакIуэ, скульптор, актрисэ, адыгэ лъпкъым къыхэкIа бзыльхугъэ дахэ Щамырзэ Моника (Черинэ Людмилэ) и гъащIэм.

Вэрокъуэм фIыщIэ яхуищIа зэхыхьэм къриубзэлIахэм, псалъэ гуапэхэр къыхужызыIахэм. ГуазджэкэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэм я уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ пшыжьыр ягъэдэхащ.

Библиотекэм гъуазджэхэмкIэ и къудамэм щекIуэкIащ «Кино - в волшебный мир окно» зэхыхьэри. Абы щагъэлъэгъуащ классикэ, иджырей литературэхэм кьытращIыкIыу траха, куэдым ягу дыхьа кинофильм нэхъыфIхэм ящыщ пычыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ «Война и мир», «Анна Каренина», «Тарас Бульба», «Мастер и Маргарита», «Вий», «Тихий Дон», «Турецкий гамбит», «Ночной дозор», «Фатима», «Табор уходит в небо» фильмхэр, нэгъуэщIхэри.

Техникэ, мэкъумэш хозяйствэ литературэхэмкIэ къудамэм щекIуэкIащ «Мы изменили мир!» зэзэхьэр, Гагарин Юрий япэу хьэршым зэрыльтэгэрэ илъэс 55-рэ зэзэрикIуэр. Ар щыIэ щагъэлъэгъуащ режиссёр Бессарабов Игорь и «Наш Гагарин» документальнэ фильмыр. ЗэIущIэм хьэршым теухуауэ къыщыдэзэрагъэпэща викторинэм еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ яфIэгъэщIэгъуэну щыIэхэр. Абы щагъэуцуа Высоцкий Владимиррэ Визбор Юрийрэ я усэхэр фIыуэ зыльгъуэхэр. УсакIуэ цIэрыIуэхэм я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ теухуахэр ягу къагъэкIыжа нэужь, къриубзэлIахэр епIащ ахэр зыхэт художественнэ фильмхэм щыщ пычыгъуэхэм.

Библиотекэм и апэ къатым и пэIущIэ залым щагъэлъэгъуащ Крюковэ Тамарэ и «Костя+Ника» повестым къытращIыкIа кинофильмыр. Абы еплъахэм Iмал яIащ лъагъуныгъэкIэ, гуГъэкIэ, шыIэныгъэкIэ, хуабагъэкIэ гъэнщIа фильмыр къаэзэрыщIхьуам тепсэлъыхьыхьыну. КъыкIэлъыкIуэу а залым щекIуэкIащ Кином и илъэсым теухуауэ къызэрагъэпэща «Читай книги. Смотри кино. Отвечай на вопросы онлайн викторины» зэхыхьэр. Абы хэтахэм Iмал яIащ кином теухуауэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр къагъэзэIуэну.

ЕтIуанэ къатым и пэIущIэ пэщым щекIуэкIащ тхыдэр зи лъабжьэ «История в лицах: правители России» зэхьхьэр. Абы кърихьэлIа-хэр «къущыхутащ» Грозный Иван, Пётр I-м, Екатеринэ II-м я зэманым. Толстой Алексей и «Князь Серебряный», «Пётр I», Пикуль Валентин и «Фаворит» классикэ тхыгъэхэм режиссёр Iэзэхэу Васильев Геннадий, Петров Владимир, Герасимов Сергей, Карелин Алексей сымэ къытращIыкIа кинофильмхэр утыку кърахьащ. ЩIэгъуэкIу щыIэхэр, пшыжьым екIуэлIахэм ягу дыхьащ «История открывается для всех и каждого» тхыльэ гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хагъэхьащ библиотекэм и фондэм щахъумэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр.

ПериодикэмкIэ къудамэм къыщызэIуахащ «Узнай свою судьбу. Гадание по книгам» экзотерие салоныр. Абы щызэхэсахэм тхылъхэр кьагъэсебэпурэ гъащIэм къащыпэщылъхьэм, «я натIэм къритхам» зыхагъэгъуэзащ.

- Библиотекэщэ» Iуэхугъуэм хэту а пщыхьэщхьэм екIуэкIа зэхыхьэ щIэщыгъуэхэм зрезыгъэхьэлIахэм пшыхьхэр, зэIущIэхэр яфIэгъэщIэгъуэнащ. Псом хэумыдэу тхылъеджэхэм гуапэ ящыхьащ нэгъуэщI махуэхэм щыхьэну зыхуимыIэ библиотекэм и къудамэхэмрэ тхылъ хъумапIэхэмрэ зыщрагъэпIылъхьыну я насып къызэрихьар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Пхъэхуейхэр хасэ

Нартан къуажэм дэт интернатым и гъэсэнхэм пхъэхуейхэр щагъэтIысащ Налшык къалэм щыIэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ я гъэсакIуэ ПщыкI ФатIимэт къызэрыджIамкIэ, мыпхуэдэ Iуэхур ящыпэщIэкъым. Нартан къуажэм дэт ЩIыхьым и аллеем нэгъабэ жыгыщIэхэр щагъэтIысащ, ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу. Мы гъэм я зэфIэкI халъхьэну мурад ящIащ къалэм и зыгъэпсэхупIэ хадэр зыхуей зэрагъэзэным.

- Жыг хадэм и унафащIхэм я деж ди жэрдэмыр щынэдгъэсым, къыхэтIыхьа IэкIуэм хуабжьу щыгуфIыкIащ икIи арэзы тецIыпIэ зэрыщIэхэм къыщыпсалъэ. Абы и промышленнэ предприятэхэмрэ колхозхэмрэ я цIэр щалэту щытар ди республикэм и закъуэкъым, къэрал псом гъавэ бэв къеХьэлIэныкмкIэ бжьыпэр щызыIыгъхэм ар ящыщ. А хабзэр ноби кIуэдакъым. ЩIынальэм и цIыху гуащIафIэхэмрэ и тхьдэ кIуэлеймрэ теухуат зи гугъу тщIы пшыхьыр, Майк щалэм и ДК-м и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр зыхэтар.

«Си къалэ», «Мамырыгъэ, лэжьыгъэ, накIыгъэ», «Шемякин и гъатхэ», «И чэзум лажьи и чэзум екIуу зыгъэпсэху», - фIэщыгъэхэм щIэт нэгъуэщIыж программэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, литературэ-макъамэ теплъэгъуэхэр щекIуэкIащ Новоивановкэ, Октябрьскэ жылагъэхэмии.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Май щIыналъэ

Псоми я зэхуэдэ махуэшхуэ

Май щIыналъэм накъыгъэм и 1-р, сыт щыгъуи хуэдэу, Iэтауэ щагъэлъэпIащ.

ЩIЫПIЭ администрацэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, Май къалэм щекIуэкIащ «Псэм фIэIэфI къалэ» зыфIаща махуэшхуэ пшыхьыр. Абы ирагъэблагъащ Май щIыналъэм хиубыдэ жылагъэхэм я лIыкIуэхэр, мы щIыпIэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа лэжьакIуэжьхэмрэ IэщIагъэлI нэхъыфIхэмрэ.

Май щIыналъэр сыт щыгъуи цIэрыIуэщ и Iуэхущ. Абы и промышленнэ предприятэхэмрэ колхозхэмрэ я цIэр щалэту щытар ди республикэм и закъуэкъым, къэрал псом гъавэ бэв къеХьэлIэныкмкIэ бжьыпэр щызыIыгъхэм ар ящыщ. А хабзэр ноби кIуэдакъым. ЩIынальэм и цIыху гуащIафIэхэмрэ и тхьдэ кIуэлеймрэ теухуат зи гугъу тщIы пшыхьыр, Майк щалэм и ДК-м и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр зыхэтар.

«Си къалэ», «Мамырыгъэ, лэжьыгъэ, накIыгъэ», «Шемякин и гъатхэ», «И чэзум лажьи и чэзум екIуу зыгъэпсэху», - фIэщыгъэхэм щIэт нэгъуэщIыж программэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, литературэ-макъамэ теплъэгъуэхэр щекIуэкIащ Новоивановкэ, Октябрьскэ жылагъэхэмии.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ХэщIыныгъэу сом мелуанрэ мин щитIрэ

Мэкъумэш IэнатIэм щагъэзащIэ инвестицэ проектхэм хухах ахъшэу (гранту) сом мелуанрэ мин щитIрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ фермер хозяйствэхэм я унафэщIхэмрэ хуимыту къызэрыIахар Лэскэн щIыналъэм и прокуратурэм къыщигъэщащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIэ, грантхэр зыхуэфащэхэр къащыцхах зэпеуэм я тхьилъхэр иратри, ерыскъыкIэкI зыщIэжэ зэгурыIуэныгъэ нэпцIэхэр иращIылат. ЦIхьэхуещхэм инвестицэ проектхэр ягъэззэщIэн мурад яIакъым, гъэпцIагъэкIэ зыIэрагъэхьа ахъшэр я щхьэ Iуэхухэр кьагъэсебэпри, Лэскэн щIыналъэм и бюджетым сом мелуанрэ мин щитIрэ хэщIыныгъэу къыхуахьащ

Зэхуахьэса тхылъхэр Урысейм и МВД-м и «Аруан» щIыналъэ зэхуаку IэнатIэм следствэмкIэ и къудамэм ираташ. Абы щыхэпIэри, УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ IыхьэмкIэ, бзаджащIэхэм яхуэгъэзауэ уголовнэ IуэхуиплI къызэIуахащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

Зы лъэбакъуэщ къахуэнэжар

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Астрахань» (Астрахань) - 4:0 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 3-м. ЦIыху 800 ельащ.

Судьяхэр Подэ (Элиста), Егоров (Дон Iус Ростов), Порошенко (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Тебэрды, Мурачёв, Дашаев, Соблир, Гъурф (Багъэтыр, 58), Балъкъэр (Семёнов, 77), Крамаренко, Дзыхьмыщ (Архиев, 65), Бажэ (Дроздов, 75), Гугуев (ПIуп, 71).

«Астрахань»: Меркульев, Григорян, Атти-Байебэ, Васильев (Уразов, 46), Ажмухамбетов (Дедурин, 46), Потапов, Уруру (Иванов, 61), Михайлов (Аншаков, 61), Арсланов (Ковшиков, 62), Панфилов, Семакин.

Топхэр дагъэкIащ: Гугуевым, 32 (1:0). Крамаренкэ, 45 (2:0). Бажэм, 56 (3:0). ПIупым, 74 (4:0).

Дагъуэ кьыхуащIащ Потаповым, Григорян, Семакиным.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм иткIэ «Спартак-Налшык» «Астрахань»-м IущIэным дакъикъэ зыбжанэ иIэжу хъыбар гуапэ къэIуащ. Япэ увыпIэм папщIэ ди футболистхэм я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «IэфIыпс» командэр Мейкъуапэ щыIэу щIыпIэ «Дружба»-м бжьыгъэшхуэкIэ кьыхигъэщIат. Псальэм кьыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, топхэм ящыщ зыр дэзыгъэкIар налшыкдэсхэм ди къуэшхэм бдждэнду ирата Мэшыкъуэ Хьэчимщ.

ХьыбарыфIым дэрэжэгъуэ яригъэгъэтащ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэми абыхэм кьадэщIхэми. Зэхьэзэхуэм кьыщыдэкIуэхэм ящыщ «Астрахань»-р ди щIалэхэм лъэпощхьэпо зэрахъэмыхъуфынур нэрылъагъут. Гъатхэм джэгун зэрыщIадзэкрэ ирагъэкIуэкIа зэIущIилIми астрахандэсхэр кьыщыкъагъэщIат икIи бжьыпэр зыIыгъым зэрыпэщIэтын кьару якъуэлытэкъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, «Астрахань»-м и гъуэр сыхьэт ныкъуэкIэ ихъумэфащ. Налшыкдэсхэм Iмал гъуэзэджэ куэд кьызэрагъэпэщами, бжьыгъэ кьыщызэIуахьэфар 32-нэ дакъикъэращ. ХьэщIэхэм я гъащхьэхъумэхэм ерагъкIэ кьыIуахуа топыр кьыIэрихьэри Гугуевым «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщащ.

Загъэпсэхуну имыкI щыкIэ хэгъэрейхэм бжьыгъэ ягъэбэгъащ. Иджы кьыхэжаныкIар налшыкдэсхэм я гъащхьэхъумэныкъуэ Краманренкэ Сергейщ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэри нахьыдэсхэм я тепщанысгъэшхуэкIэ екIуэкIащ. ЯпщIыкIэ Бажэ Амир, кьыкIэлъыкIуэу ПIуп Исльам сымэ кIэух бжьыгъэ 4:0-м нахьсацащ. Мы гъэм «Спартак-Налшыкым» апхуэдизу топ зы зэIущIэм щыдигъэкIа кьэхъуакъым.

Иужьрей текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ ди щIалэхэм зэхьэзэхуэм бжьыпэр щауфыдпIауэ жыпIэ хъунущ. «IэфIыпсым» къыщынэмыщIауэ, мы джэгугъуэм щыфIащхьащ ещанэ увыпIэр зыIыгъ «Краснодар-2»-ми. «Спартак-Налшыкым» зыри кьыльэщIэмыльэжьыфын папщIэ кьэнэжа джэгугъуэиплIым ящыщу зы закъуэм щытекIуэмэ зэфIэкIащ. ТемыкIуэмиI, бжьыпэр иубыдынурэ япэ дивизионым иIуэну Iмал игъэтынущ «IэфIыпсыр» зэ лъэпэрэпэжмэз. Аращи, етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2015 - 2016 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм кьыриIуэнур наIуэ хъуауэ къэплъытэ хъунущ. Зы бэлыхь гуэр кьэхъун хуейщ «Спартак-Налшыкым» кьэнэжа джэгугъуэиплIым кьриубыдэу бжьыпэр иутIыпщын папщIэ.

Зэпеуэм иужь дыдэ увыпIэр икIэм-икIэжым щыбгынащ Мейкъуапэ и «Дружба»-м. Ар иубыдащ зэхьэзэхуэр имыуэху абы хэкIыжынкIэ шынагъуэ зиIэ Владикавказ и «Алания»-м. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэпеуэр и кIэм ирынагъэсыну ди гъунэгъу осетинхэм ахъшэр яхурикъуркъым.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хьыхьу гъубж кIуэм зэхэта джэгугъуэм кьрикIуэ бжьыгъэхэм: «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Алания**» (Владикавказ) - **2:0** (етIуанэ топыр дзэгъэкIар Кьуэн Зауэбэчщ), **МИТОС** (Новочеркасск) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:3**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **3:1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**IэфIыпс**» (IэфIыпс) - **3:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Тэрч-2**» (Грозный) - **2:0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **0:0**.

КьыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» нахьыгъэм и 10-м «Краснодар-2» командэм дригъэкIуэкIынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	22	17	4	1	37-6	55
2. «IэфIыпс»	22	14	3	5	32-23	45
3. «Краснодар-2»	22	12	4	6	44-24	40
4. «Черноморец»	22	11	5	6	31-21	38
5. «Ангушт»	22	9	7	6	19-15	34
6. СКА	22	8	5	9	24-20	29
7. «Динамо-Ставрополь»	22	7	8	7	26-23	29
8. «Мэшыкъуэ-КМВ»	22	8	4	10	19-26	28
9. «Тэрч-2»	22	7	6	9	31-27	27
10. МИТОС	22	6	4	12	25-37	22
11. «Биолог-Новокубанск»	22	5	6	11	16-32	21
12. «Астрахань»	22	5	5	12	21-37	20
13. «Дружба»	22	5	4	13	20-37	19
14. «Алания»	22	4	7	11	14-31	19

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпион «Къэхъун» командэр тхьэмахуэ кIуам и стадионым щыхигъэщIащ абы илъэкIэ иригъэкIуэкIа джэгугъуэиплIри зыфIахьа Псынэдахэ и «Родник»-м. Ар зыри зыпэмыплъа Iуэхугъуэу къыщIэкIащ.

КЪЭХЪУН къуажэм и топджэгуэхэр республикэм и чемпионатым зыми кьызэрыщыхимыгъэщIэфрэ илъэсрэ ныкъуэм щIигъуэ. Иужь дыдэу ар кьыщыхъуар 2014 гъэм жэпуэгъуэ маэзм и 11-пщ. Абы щыгъуэм Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм щыIэу кьэхъунэдэсхэм 3:1-уэ фIахьауэ щытащ. ИужькIэ ирагъэкIуэкIа джэгугъуэ 36-м зыри «Къэхъуным» кьытекIуэфакъым. ХабзэфIыр кьыщызэтекъутар мы гъэм мэплъжьыхьым и 24-пщ. Псынэдахэ и «Родник»-м икIэм-икIэжым ар Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым кьыщызэтригъэувыIащ. Хэт ищIэн, кьэхъундэсхэм я лъэр щIихауэ кьыщIэкIынущ абы махуищ и пэкIэ КъБР-м и кубокыр кьэхьыным иткIэ хуабжьу зэIущIэ гугъу Бахъсэн и «Автозапчасть»-м зэрыдгъэзэкIуэкIам. Псальэм кьыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, бахъсэндэсхэми абы фIы щIагъэгъахъым. КьыкIэлъыкIуэу Нарткъалэ «Нартым» щыдригъэкIуэна джэгугъуэм «Автозапчасть»-р бжьыгъэшхуэкIэ кьыщыхагъэщIащ.

Апхуэдэ щыIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатым и етхуанэ джэгугъуэм зэгъусэу щыфIахьащ нэгъабэ республикэм и чемпион хъуа «Къэхъунымрэ» дыжьын медалхэр зыIэрыхьа «Автозапчасть»-мрэ. Зэкlэ псоми ефIэкIыфар «Союз-Сэрмакъ» командраш. Дауи, аращ турнир таблицым бжьыпэр щызубыдари.

Иужь дыдэ увыпIэм кьыщынащ мы гъэм зы очкоми кьызыхуэмыхьа «Кэнжэр». Ильэс ипэкIэ республикэм и чемпиону щытам икIи кубокыр зыIэщIэлъам ар хуэфащэкъым.

Адэкlэ щыгъуазэ фахуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм иужьу щыIэзэхэта зэIущIэхэм кьарикIуа бжьыгъэхэм: «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **3:0**, «**Горис-179-Кавказкабель**» (Прохладнэ) - «**Велес**» (Къэзрэгъэш) - **3:3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **3:0**, «**Iэдииху**» (Iэдииху) - «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - **1:5**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**ХьэтIохъущыкIуей**» (ХьэтIохъущыкIуей) - **2:0**, «**Бедик**» (Арщыдан) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **2:1**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **2:3**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - **3:2**.

ХЬЭТАУ Исльам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Союз-Сэрмакъ»	5	5	0	0	17-6	15
2. «Къэхъун»	5	4	0	1	19-7	12
3. «Автозапчасть»	5	4	0	1	13-5	12
4. «Бедик»	5	4	0	1	12-5	12
5. «Псыгуэнсу»	5	3	2	0	10-6	11
6. «Нарт»	5	3	1	1	11-7	10
7. «ХьэтIохъущыкIуей»	5	2	1	2	7-7	7
8. «Тэрч»	5	2	1	2	8-8	7
9. «Iэдииху»	5	2	1	2	7-11	7
10. «Бахъсэн»	5	2	0	3	13-15	6
11. «Велес»	5	1	2	2	16-18	5
12. «ЛогоВАЗ»	5	1	1	3	8-11	4
13. «Родник»	5	1	0	4	9-12	3
14. «Спартак-Налшык-Д»	5	0	2	3	4-13	2
15. «Горис-179-Кавказкабель»	5	0	1	4	5-12	1
16. «Кэнжэ»	5	0	0	5	9-25	0

Илъэсрэ ныкъуэкIэ зыри къытекIуэфатэкъым

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширидий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIыпыджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩIхьэщэмыщIэ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и оперативнэ - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр зэхуэмыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **Хьэжыкьарэ Алик**, *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпкъыгъэгу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *Компьютерклэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.076 ● Заказ №578